ГущIэгъуншагъэм гъунэ щимыIа пIалъэ

2-нэ нап.

Куэд зыщIэ куэд хузэфIокI

3-нэ нап.

Каринэ и медаль

4-нэ нап.

2024
ФокIадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№106 (24.700) ● 2024 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 3, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэм Терроризмэм пэщIэтынымкIэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуауэ цIыхухэм

## ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу
пщIэ зыхуэсщIхэ!
Си хэкуэгъу лъапIэхэ!

Илъэс къэс фокIадэм и 3-м Урысейм щрагъэкIуэкI Терроризмэм пэщIэтынымкIэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр. Лъабжьэ хуэхъуар илъэс 20 и пэ Беслъэн къыщыхъуа гуауэшхуэрщ. Абы щыгъуэ щIэпхъаджащIэ гущIэгъуншэхэм яIэщIэкIуэдащ цIыху щэ бжыгъэхэр, я нэхъыбэр сабийрэ бзылъхугъэу.

Беслъэн и гузэвэгъуэр игъащIэкIэ темыкIыжын дыркъуэу къытенащ Урысейм ис цIыхубэм я гум. А махуэм дригумэщIу дигу къыдогъэкIыж щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэдахэр, ди щхьэр яхудогъэщхъ хьэкIэкхъуэкIагъэм пэщIэту зи щхьэр зыгъэтIылъа дзэлIхэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэмрэ. Абыхэм я лIыгъэр дэ зэи дигу ихунукъым.

Нобэ, щIэпхъаджагъэ Iуэхухэр къыдэзыщIылIэну иужь итхэм Урысейр щапэщIэт лъэхъэнэм, дэ дызэкъуэтыпхъэщ. Дэ дадэIэпыкъун хуейщ ди зауэлIхэмрэ лIыхъужьхэмрэ. Апхуэдэуи ди къэралым къыхуэдзэлашхэхэм ядгъэлъагъупхъэщ дызэрызэрыIыгъыр, ди Президент Путин Владимир дзэ Iуэху хэхамкIэ зэфIигъэкIыну и мурад псори зэдгъэхъулIэным дэтхэнэми ди къару зэретхьэлIэнур. Ар дэ гъащIэм къыщыхэтха лъагъуэщ, терроризмэм ихьахэм я фэеплъыр дигу зэрилъыр къызэрыдгъэлъагъуэ Iэмалщ.

Урысейр мызэ-мытIэу пэщIэхуащ апхуэдэ лъэпощхьэпохэм, ауэ нэхъ лъэщ ящIурэ къызэринэкIащ. Си фIэщ мэхъу иджыри апхуэдэу къызэрыщIэкIынур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къахьа ехъулIэныгъэхэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ етын:

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр**

**Кожаковэ Зайнаф Магомед и пхъум** - Шэджэм муниципальнэ районым хыхьэ Хъущтэ-Сырт къуажэм и щIыпIэ администрацэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэм,

**Мамий Мурат Борис и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и секретариатым и Iэтащхьэм,

**ПщыхьэщIэ Сэфарбий Мухьэмэд и къуэм** - «КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и «Экономикэ» кафедрэм и унафэщIым,

**Хочуев Рэмэзан Ибрэхьим и къуэм** - щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэм,

**щIыхьыцIэхэр яфIэщын:**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»**

**Тембот Лолитэ Башир и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Перинатальный центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и акушер-физиологие къудамэм и унафэщIым, дохутыр акушер-гинекологым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ»**

**Барвинок Ларисэ Василий и пхъум** - Аруан муниципальнэ районым хыхьэ Нарткъалэ къалэм и «Псоми я зэхуэдэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №3» муниципальнэ кIэзонэ, псоми я зэхуэдэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэм и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэм,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист»**

**ПщыукI Мухьэрбий СулътIан и къуэм** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм экономикэмрэ финансхэмкIэ и къуэдзэм - «Бахъсэн районым финансхэмкIэ и управленэ» муниципальнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист»**

**Хьэкъул Майе Хьэсэн и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Нотариальнэ палатэм и президентым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм,*
*шыщхьэуIум и 26-м*
*№71-УГ*

# ФIым я фIыжхэр ягъэлъапIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа, зи IэнатIэм ехъулIэныгъэ щызиIэ цIыху гуащIафIэхэм щIыхьыцIэхэмрэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэмрэ яритыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу.**

КIУЭКIУЭ Казбек ягъэлъапIэхэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ махуэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм, и къэралыгъуэм и зыужьыныгъэм и дамыгъэ зэрыхъуар. УФ-м и Президентым цIыхухэр хъумэным и IуэхукIэ къахуигъэува къалэнхэр ягъэзэщIэнымкIэ псом хуэмыдэу узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм пэрытхэм куэд зэрелъытар икIи ахэр а Iуэхум зэрыпэлъэщыр, цIыху гъащIэм и кIыхьагъым, къалъхухэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр, лIэныгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар жиIащ. Физкультурэмрэ спортымрэ я лэжьакIуэхэм цIыхухэм я узыншагъэр зэрагъэбыдэр, егъэджакIуэхэм щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ зэрыратыр, Хэку лъагъуныгъэм зэрыщIапIыкIыр зэрыуасэншэм, ухуакIуэхэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм пэрыт IэщIагъэлIхэм республикэр зэрырагъэфIакIуэм къытеувыIа нэужь, щIыналъэм и Iэтащхьэм пщIэрэ щытхъурэ, жэуаплыныгъэ яIэу зи IэнатIэ езыхьэкIхэм ящыщу зэIущIэ гуапэм ирагъэблэгъахэм яритыжащ хуагъэфэща щIыхь дамыгъэхэр.

- Къэралыгъуэ зиIэ хъуа, зи лъапIэныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ зэрызэхуэдэм нэхъри зэкъуигъэува адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ хэлъхьэныгъэфI хуащIащ щIыналъэм и экономикэ, социальнэ IэнатIэхэр къэIэтыным, щэнхабзэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм зегъэужьыным, лъэпкъ хабзэхэр хъумэным. БлэкIа илъэсипщIхэм республикэм и унэтIыныгъэ псоми цIыхубэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр ирогушхуэ япэ ита нэхъыжьыфIхэм я зэфIэкIхэм. Ди щIыналъэр нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа куэдым псэупIэ яхуэхъуащ. Ахэр зэкъуегъэувэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэ хуэщIыным. Ди псалъэ гуапэхэр яхуэгъэзащ хэкум, къэралым еш зымыщIэу псэ хьэлэлкIэ хуэлажьэхэм. Апхуэдэу фIыщIэ хэха яхуэфащэщ дзэ Iуэху хэхам лIыхъужьыгъэ къэзыгъэлъагъуэу щыIэ, Урысейм къулыкъу хуэзыщIэ щIалэхэм. Абыхэм я нэхъыжьхэм, унагъуэхэм пщIэ яхудощI.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Iэтащхьэ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым КъБР-м къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# ЩIалэгъуалэм заузэщIыфын хуэдэу

**Республикэм щекIуэкI ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм кIэлъыплъкIэрэ, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык Кулиевым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет, ЩIалэгъуалэм я унэм иращIылIэ лэжьыгъэхэр зригъэлъэгъуащ.**

«ДЭ щIалэгъуалэр спортми, туризмэми, творчествэми, хьэрычэтыщIэ, медиа, проект лэжьыгъэхэми, сытми, зэрылэжьэну IэщIагъэр къыхахыфын хуэдэу зыщиузэщIыпхъэ лъэныкъуэ псоми зэрыхэтшэным иужь дитщ, IэнатIэ къигъуэтын, цIыхубэ гъащIэм хэзэгъэн IуэхухэмкIэ дыдэIэпыкъуфын хуэдэу. 2025 гъэм Iэмал имыIэу дутIыпщынущ илъэс псом лажьэ, цIыху 200-м нэс зэуэ зэкIуалIэ «Эльбрус» лагерыр, хэкупсэ гъэсэныгъэр зэдгъэхъулIэфын, егъэджэныгъэм епха мурадхэм далъэIэсыфын хуэдэу. Зэгъусэу къызэдгъэпэщ инфраструктурэм дызэкъуэту мыхьэнэ купщIафIэ еттын хуейщ, цIыху куэд дихьэхын хуэдэу. ЩIалэгъуалэм я унэри район щхьэхуэхэм щыIэ щIалэгъуалэ центрхэри зэрылэжьэн программэ ягъэхьэзырыну экспертхэм къалэн ящысщIащ», - къыхигъэщащ республикэм и УнафэщIым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэс блэкIам «ЩIалэгъуалэм папщIэ щIыналъэ» программэмкIэ зи гугъу тщIы ухуэныгъэм и ещанэ къатым къудамэ куэду зэхэту республикэм и щIалэгъуалэ центр къыщызэIуахащ. Дызэрыт илъэсым щIыналъэм и бюджетымкIэ етIуанэ къатыр зэрахьэри, абдежым ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэр, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и къудамэу республикэм щыIэр, Волонтёр Iуэхум зиужьынымкIэ центрыр, «Эльбрус» корпоративнэ университетыр щIагъэзэгъащ.

Илъэсым и кIэм япэ къатым творческэ щIалэгъуалэм зыщиузэщIыфыну арт-хэщIапIэ къыщызэIуахынущ. ЦIыху 900 зыщIэхуэну концерт гъэлъэгъуапIэ, творческэ лъэщапIэхэр, гъэлъэгъуапIэхэр, артист зыгъэхьэзырыпIэхэр, щIалэгъуалэм зыщагъэсэфын, зыщагъэпсэхун щIыпIэхэр, фиджитал-спорт (компьютер джэгухэмрэ спортымрэ щызэрагъэуIу) джэгупIэхэр хэтынущ зи гугъу тщIы арт-хэщIапIэм.

Дызэрыт илъэсым иджыри щIалэгъуалэ центру 4 къызэIуахынущ: Лэскэн, Май, Шэджэм, Тырныауз къалэхэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIалэгъуалэ центри 7-рэ ныбжьыщIэ центри 2-рэ щылэжьэнущ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ.

# Япэ уэзджынэр - школыщIэ нэхъ ин дыдэм!

**Къэбэрдей-Балъкъэрым дыгъуасэ япэ уэзджынэр къащыхуеуащ ди щIэблэм. ЩIэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, Налшык къалэм Къалэн куэд щагъэзащIэ республикэ гимназиер къыщызэIуахащ.**

ГУФIЭГЪУЭ махуэшхуэмкIэ ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуну а Iуэхум зрагъэхьэлIат КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор **Ульбашев Мухьэрбий**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мысост Екатеринэ**, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Шыпш Аслъэн** сымэ.

Махуэшхуэм и щIыхькIэ, чэзууэ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къалэн куэд щагъэзащIэ республикэ гимназием я ныпхэр къаIэтыну хуагъэфэщащ информатикэмрэ биологиемкIэ школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм (2023 - 2024 гъгъ.) и муниципальнэ Iыхьэм текIуэныгъэ къыщызыхьа **Къуэдзокъуэ Идар**, тхыдэмкIэ, адыгэбзэмкIэ, правэмкIэ школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэхэм я муниципальнэ Iыхьэхэм пашэ щыхъуа, ШколакIуэхэм тхыдэмкIэ я XII Кавказ Ищхъэрэ олимпиадэм и призёр **Елмэс Мухьэмэд**, каратэмкIэ щIыналъэ зэпеуэм, бэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ студентхэм я Кавказ Ищхъэрэ турнирым щытекIуа **Бэрэгъун Алимбэч** сымэ. Ныпхэр къэрал гимнхэр къеуэу къаIэтащ.

Гимназием и унафэщI **Iэрыпщ Мурат** къызэхуэсахэм захуигъэзащ: «Нобэрей махуэр тхыдэм къыхэнэнухэм ящыщщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ ин дыдэ еджапIэр (цIыху 1500-рэ щIохуэ) къызэIудохри. Сабийхэми нэхъыжьхэми сынывохъуэхъу ЩIэныгъэхэм, КъБР-м и КъэралыгъуэмкIэ, Налшык къалэм я махуэхэмкIэ. Шэч къытетхьэркъым мы унэм сабий Iущхэр зэриIэнум, дэтхэнэри лъагапIэшхуэхэм зэрыхущIэкъунум. Дыщогугъ школыщIэм и егъэджакIуэхэм я къарури, я щIэныгъэри гурэ псэкIэ ди щIэблэм бгъэдалъхьэну, абыхэм ирагъаджэхэм я зэфIэкIхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Урысейми хэIущIыIу щыхъуну. Мы махуэм ехъулIэныгъэшхуэхэр къытхудэкIуэну ди гуапэщ».

Гъэ еджэгъуэщIэм зэрыщIидзэмкIэ школакIуэхэми егъэджакIуэхэми ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIыр. «Нобэрей махуэр лъапIэщ егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми, сабийхэми я дежкIэ. ЩIэныгъэм и махуэм и мыхьэнэр нэхъри еIэт республикэм и школ нэхъ ин дыдэм и бжэр къызэрызэIуихым. Нобэ къыщыщIэдзауэ абы и тхыдэр тхын щIэзыдзэнур фэращ, ар жэуаплыныгъэ ин зыпылъщ, - жиIащ Егоровэм. - Шэч къытетхьэркъым абы фызэрыпэлъэщынум, щIэныгъэм фигури фи псэри етауэ ехъулIэныгъэхэм фызэрылъэIэсынум. ФIыщIэ яхуэфащэщ мыпхуэдэ еджапIэ дахэ ухуэным, зэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьахэми. Дауи, нобэрей махуэр псом нэхърэ нэхъ щIэщыгъуэщ партэм япэу дэтIысхьэну цIыкIухэм я дежкIэ. Си фIэщ мэхъу мызэ-мытIэу фи цIэхэр къэкIуэнум зэрызэхэтхынур».

Ульбашев Мухьэрбий къыхигъэщащ иджырей мардэхэмрэ технологиещIэхэмрэ къыщыгъэсэбэпауэ яухуа еджапIэр «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ Iуэхум хыхьэу зэрагъэзэщIар. «Мы зэманым къэралым гулъытэшхуэ хуещI класс Iэхуитлъэхуитхэр къызэрыфхуэзэригъэпэщыным, егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэр фызэриIэным. Хэкур къыфщогугъ щIэныгъэ куу зэвгъэгъуэту, къэкIуэну зэманым къэралым зезыгъэужьыфын цIыху къыфхэкIыну. Дэ ди къулеигъэ нэхъыщхьэ дыдэр фэращ - ди щIэблэращ! Фи щIэныгъэм фызэрегугъум елъытауэ щытынущ ди медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуэдэ хъунури нэгъуэщI IэнатIэхэр зэрефIэкIуэнури. Егъэджэныгъэм ехьэлIауэ нобэ къыват Iэмал псори къыфхуэгъэсэбэпмэ, лъэ быдэкIэ фыувынущ, къэкIуэну зэманми къэралым щIэгъэкъуэн фыхуэхъужыфынущ», - жиIащ Ульбашевым.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и хъуэхъу тхыгъэм къызэхуэсахэм къахуеджащ Мысост Екатеринэ.

- Нобэ езанэ классым кIуэ цIыкIухэм фи япэ лъэбакъуэхэр гъащIэ гъуэгуанэшхуэм щывочри, фи адэ-анэхэр, фи нэхъыжьхэр щIэгушхуэн куэд егъэджэныгъэм, спортым, щэнхабзэм щывиIэну ди гуапэщ. Зэман дэкIмэ, дэтхэнэми мы еджапIэ дахэм фи цIэр ину щыIуну дынывохъуэхъу, - жиIащ Шыпш Аслъэн.

Адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу зэхуэсым фIыщIэ псалъэхэр утыкум щыжиIащ **Абазэ Анзор**. «ЕджапIэщIэм и унафэщIхэми егъэджакIуэхэми дынывохъуэхъу. Мыпхуэдэ еджапIэ къызэIуахыным мыхьэнэшхуэ иIэт Налшык къалэм и «КъуэкIыпIэ», «Дубки», Вольнэ Аул хьэблэхэм щыпсэухэм я дежкIэ», - жиIащ къэпсэлъам.

НыбжьыщIэхэм уэрэдкIэ яхуэупсащ уэрэджыIакIуэ щIалэ ГъукIэ Ислъам. Езанэ классым кIуахэм махуэшхуэм теухуа усэ цIыкIухэмрэ уэрэдхэмрэ утыкум щыжаIащ. Апхуэдэуи гимназием щеджэ, «Урысейм и макъ жьгъыруэхэр» урысейпсо зэпеуэм щытекIуа Темукуевэ Iэминат зыкъигъэлъэгъуащ, «Уэркъ къафэр» ягъэзэщIащ Гугъуэт Эланэрэ Молей МуIэедрэ.

Япэ уэзджынэр цIыхум и гъащIэм игу ириубыдэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы къыхэкIыу гимназием и езанэ классым щIэтIысхьахэм уэзджынэ цIыкIу зырыз яIыгъыу зэгъусэу ар ягъэзуащ. Школ пщIантIэм шар зэмыфэгъухэр щаутIыпща нэужь, школакIуэхэр я классхэм щIашащ, зэрыцIыхуну, зэпсэлъэну, мыхьэнэ зиIэ мурадхэр ящIу я щIэныгъэ гъуэгуанэм теувэну...

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# ЛIыхъужьым и цIэр зерехьэ

**Налшык къыщызэIуахащ «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэр зезыхьэ Боташев Къэнэмэт Хьусей и къуэм и цIэр зезыхьэ уэрам.**

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дауэдапщэм хэтыну ди къуэш КъШР-м къикIа лIыкIуэхэр къригъэблэгъащ. Абыхэм яхэтащ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Чеккуев Хъызыррэ Боташевхэ я лъэпкъым щыщхэмрэ.

«Нобэ къызэIутхыр школакIуэхэр зрикIуэну, Урысейм и ЛIыхъужь Боташев Къэнэмэт и цIэр зезыхьэ уэраму зэрыщытым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хэкур фIыуэ плъагъун, абы укъыщхьэщыжын зэрыхуейм и щапхъэ яхуэхъунущ ар сабийхэм. А школым щеджэнухэм папщIэ и псэм еблэжакъым нобэ мы уэрамым зи цIэ фIэтщ щIалэр», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, Налшык щIыпIэ администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз сымэ.

Боташев Къэнэмэт и фэеплъыр ягъэлъэпIэну «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и къудамэу республикэм щыIэм и унафэщIыр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ къэкIуащ.

«Урысейм и ЛIыхъужь» цIэр Боташев Къэнэмэт 2022 гъэм и мэкъуауэгъуэм хуагъэфэщауэ щытащ (дунейм ехыжауэ) дзэм къыхуигъэува къалэнхэр хахуэрэ псэемыблэжу зэригъэзэщIам щхьэкIэ.

И гъащIэм щыщу илъэс 35-рэ тригъэкIуэдащ Боташев Къэнэмэт къэралым и Дзэ-Хьэуа Къарухэм щихьа къулыкъум. Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ фронтым щыIэу, пщIы бжыгъэрэ дзэ кхъухьлъатэхэмкIэ уэгум ихьащ, бийм хэщIыныгъэшхуэ ириту. Иужьрей и лIыхъужьыгъэм и гъащIэр хилъхьащ - бжыгъэкIэ нэхъыбэ бийм езым и гъуса гупыр къригъэлу хэкIуэдащ.

Налшык щIыпIэ самоуправленэм и советым и унафэкIэ 2023 гъэм и мазаем кхъухьлъатэзехуэ цIэрыIуэм и цIэр Налшык дэт школыщIэм хуэкIуэ уэрамым фIащыну унафэ къащтат. Абы щыгъуэ ди республикэм и уэрамитIым Урысейм и ЛIыхъужьхэм я цIэхэр фIащауэ щытащ: Тэмазэ Тимуррэ Гаджимагомедов Нурмагомедрэ. Урысейм и офицерхэр Хэкур къызэреджэу ар щахъумэну IэнатIэм Iуувэри, хахуагъ къызэрымыкIуэ къагъэлъагъуэу дзэ Iуэху хэхам къигъэув къалэнхэр ягъэзэщIащ. Абыхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэр къыдэкIуэтей щIэблэм щапхъэ яхуэхъунущ.

# Уэрамхэр къызэIуахыж

**Налшык и уэрамхэу Темэн дивизэм и цIэр зезыхьэмрэ Осетинскэмрэ зыхуей хуагъэза нэужь, машинэхэр щызекIуэну хабзэкIэ хуит ящIыжащ.**

ЗИ цIэ къитIуа уэрамхэм ирикIуэ гъуэгухэр хабзэкIэ къыщызэIуахыжа дауэдапщэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ. УнафэщIым гъуэгу ухуакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ я IэщIагъэм зэрыхуэфащэу, нэгъэсауэ, и чэзум лэжьыгъэхэр и кIэм зэрынагъэсам папщIэ. Абы и фIыгъэкIэ республикэм машинэхэр нэхъ тыншу икIи нэхъ шынагъуэншэу щызэблэкIынущ.

Лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну Iэмал ягъуэтащ УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» проектыр ягъэзащIэкIэрэ.

ЗэIузэпэщ ящIыжа гъуэгухэм я фIыгъэкIэ машинэхэр тыншу дыхьэнущ сымаджэщ къалэ цIыкIум, «КъуэкIыпIэ» хьэблэм, «ДыгъафIэ къалэм», иджыпсту ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкI Мыл уардэунэм, мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI IуэхущIапIэ куэдым. Мыбдежым гъуэгущхьэр щахъуэжа къудейкъым, атIэ машинэ нэхъыбэ щызэтрихьэ Iыхьэхэм зрагъэубгъуащ, уэздыгъэхэр, гъуэгу нагъыщэхэр, иджырей светофорхэр трагъэуващ.

# ЖыпхъэщІэхэм тету

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Налшык и къалэ поликлиникэ №2-м Александровкэ хьэблэм щІэ къудамэм щрагъэкІуэкІа зэгъэпэщыжыныгъэхэр зэрызэфІагъэкІам зыщигъэгъуэзащ. Лэжьыгъэр къраухьэІащ щІыхуэхэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрат Іуэхущ Іапіэхэр къгъэщІэрэщІэжьын программэмкІэ**.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм и Іуэсу медицинэ Іэхущ Іапіэм щыІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, щыналъэм узыншагъэр хьумэныкІэ и министр Къалэбатэ Рустам.

Хэр ильэс 70 ипэкІэ яухуаущ щытащ, абы и щытыкІэр узыншагъэр хьумэныкІэ Іэнатіэм и жыпхъэхэм кьагъувэм хуэкІуэжыртэкъым. Іэхущ Іапіэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрат щыхьмин 89-м. Поликлиникэр зыхуей хуагъэзэжьну а хьэблэм щыпсэухэр мызэ-мытІэу щІэлъэІуащ.

Зэгъэпэщыжныгъэ нэужькым поликлиникэр къщІэрэщІэжащ. Унэм и бжэ-щхьэгубжкэхэр, унэлъэгур, инженер коммуникацхэр зэрахъуэкІащ, иубыд щыналъэм кьыхагъэхъуащ, и кІуэцІми зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ.

Поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ Емуэ Маринэ и псалъэхэм кьызэрыхэщамкІэ, зэхъуэкІыныгъэхэм Іэмал кьаритащ Іэнатіэм и лэжьыгъэр нэхъ зэтеублагъуэ екІуэкІыныкІэ: дохутырхэр щыІалажьэ, сымаджэхэм кьащІепль пшхэр зэкъгъэщхьэхуІащ, узыхуейр псынщІэу къэбгъуэтын хуэдэу гъуэгугъэлъагъуэхэр ящІащ, чэзум ущыпэплъэ щыІпІэ щхьэхуэхэр иІэщ. Пэш кІуэцІхэр нэхущ, хуитщ. Унэ щІыбри екІуу зэрахьащ, абы къегъэщІыпІа щІыналъэри зэІуэпэщ ящІащ.

КІуэкІуэ Казбек жиІащ жыпхъэщІэхэм зэхуэІуэ зыхуей хуагъэзэжа поликлиникэр, шэч хэмылъу, щылажьэхэми къежІуалІэхэми я тыншыпІэм зэрызэущІар икІи Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэхэм ехъуэхъуащ ехъулІэныгъэ яІэу я Іэнатіэр ирахьэкІыну.

# Іэмэпсымэфіхэмкіэ къызэрагъэпэщ

**«Гу-лъэнтхуэ узыфэхэм ялэщІэтын» щыналъэ проектым ипкъ иткІэ иджыпей медицинэ Іэмэпсымэ лъэщхэмкІэ къызэрагъэпэща, КъБР-м медицинэ технологие лъагэхэмкІэ и центрым и кардиодиспасерым щекІуэкІ лэжьыгъэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зыщигъэгъуэзащ. Республикэм и Іэтащхьэм щыгъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, щыналъэм узыншагъэр хьумэныкІэ и министр Къалэбатэ Рустам, центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Дохъушокъуэ Герман.**

КІУЭКІУЭ Казбекрэ Іэнатіэм и унафэщІымрэ тепсэльыхьащ Іуэхущ Іапіэм адэкІэ зэрызрагъэужьыным, апхуэдэу республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ яхуищІащ Іэщ Іагъэлі гупым. «Мы медицинэ Іуэхущ Іапіэм теухуа хъыбарыфІхэр кьоклуэкІ, ар псом нэхърэ нэхъыщхьэщ. ЦІыхухэм гулъытэ зэрызуащІыр зыхащІэмэ, и узыншагъэм хуэгъэзауэ фІагъ льагъэ зиІэ кьэрал Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэмэ, ар кУэд и уасэщ. Медицинэ дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэным теухуауэ щыІэ дэтхэнэ жэрдэмри сыт и лъэныкъуэкІи дэтІыгъынущ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

ЩІыналъэм и Унафэщ Іэм ирагъэлъэгъуащ центрым щІагъэува Іэмэпсымэщ Іэхэр. Апхуэдэу программэ зыбжанэ зыгъэзащІэ компьютер томографым Іэмал кьаритынущ гу-лъэнтхуэ зэхэлъыкІэр нэхъ куууэ кьапщытэну, узыфэр зыхуэдэр нэхъ псынщІэу кьащІэну, зыхуэныкъуэ Іэзэгъуэр и чэзум игъуэтын хуэдэу.

Кьищынэмыщ Іауэ, иджыри зы ангиограф Іэмэпсымэщ Іэ кьащ Іахуащ, рентген Іэмалыр кьагъэсэбэпу операцэхэр щрагъэкІуэкІ пэш етІуанэ кьызэІуахын папщІэ. «Абы Іэмал кьыдитынущ рентген кІэлъыплъынигъэм щІэту операцэ нэхъыбэ едгъэкІуэкІынмкІэ. Иджы рентгенодовасКлярнэ Іэмалхэмкіэ зэІэзэн хуей сымаджэхэм чэзум гъмылпІэу нэхъ псынщІэу зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэхэр еттыфынущ», - жиІащ Дохъушокъуэ Герман.

Республикэ бюджетым кьыхэкІыу Кардиодиспансерым и реанимацэ къудамэм папщІэ монитор 18-рэ псори зыпыщІэжауэ щытну монитор станцэ кьащІэхуащ. Реанимацэ пэшхэм щІэпъ сымаджэхэм я щытыкІэр кьозыгъащІэ мониторхэм кьагъэпъагъуэхэм иджы дохутырыр зы экранкІэ еплъыфынущ. Апхуэдэ щыкІэкІэ сымаджэм и щытыкІэр зыгуэркІэ нэхъ Іей хьумэ, абы занщІэу гу лъатэнущ икІи зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэр и чэзум игъэтынущ. Апхуэдэу диспансерым кьыІэрыкьыкІ бгъэІэпхъуэ хьу рентген-аппарат, эхокардиографие зэращІ Іэмэпсымэ.

Иджыпсту Кардиодиспансерым зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэшхэу щокІуэкІ, унэм и щІыбыр кьагъэщІэрэщІэжьнущ, щэхуэщІапІэм кьепха щытапэр зэІуэпэщ ящІынущ.

Кьыхэдгъэщынщи, блэкІа илъэсым республикэм щІыналъэ проектым кьахэкиГэув псори зэфІигъэкІащ. Медицинэ техникэхэр щІэкІэ зэрахъуэжьир хуэунэтІащ гу-лъэнтхуэ узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм игъуэт дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэным.

**● Терроризмэм пэщІэтынымкІэ зэхъуэтыныгъэм нобэ и махуэщ**

# ГущІэгъуншагъэм гъунэ щимыІа пІалъэ

**Илъэс 20-кІэ уэзІэбзэкІыжмэ, Урысейм и иджыпей тхыдэм хьыщІыкъуэ гуаузшхуэт Осетие Ищхьэрэ - Аланием и кьалэ щІыкІым кьыщыхъуа щІэпхъаджагъэр. Беслъэн дэт 1-нэ курыт еджапІэм 2004 гъэм фокІадэм и 1-м щІыху миным щІигъу щІагьыдэри, махуитРэ нЫкъуэкІэ яІыгъащ щІэпхъаджащІэхэм. А шинагъуэм щІыху 330-рэ хэкІуэдащ, абыхъэм ящыщу 186-р сабийт.**

ДУНЕЙ псом иджы Беслъэн ягу зэрилъэ кьалэцІэукъым, атІэ... Дунеягъэм щыпІьаГу жэнэтыбжэм хуэдэщ абы щауха «МелыІычхэм я кьалэр». Егъэджакіуэрэ еджакіуэ ХьэкІэхъуэкІэ пэлъытхэм яІэщІэкІуэдахэм я кхъащхьэхэр зэхуэдэ защІэу сатыр зыбжанэу ирокІуэ. Унагъуэ псо хьу зэанэзэзэпхъухэр, зэхъуэщ ЦыкІуэхэр, зэдэлъхуэзэшпхъу нэфІэгуфІэхэм я сурэтхэр кьатощ зэщхьыкІабззу гъажа сынхэм, удз гъэгъахэр щегъэувэкІащ сатыр кьэс. Илъэс 20 дэкІащ ахэр зэрыхэкІуадэрэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри иджыпсту балигъыпІэ иуваУ, кьэралым, лъэпкъым, унагъуэм исынут, лажьэу, щхэжу.

ПщІантІэм дэтщ Беслъэн кьыщыхъуа гуэзвэгъуэшхуэм и нэщэнэ «Гуауэм и жыгыр». Аркъудейм ущеплъкІэ, уи гур хеГъэщІ. Бзыльхугъэхэм я Іэхэр шиИуэ, мелыІыч цІыкІуэхэр уэгум ирауГІыпщхъэ. Анэбгъэм кьыщІача цІыкІуэхэр я псэкъэ хьэрщыим зэрыкъыжьаргъ абы кьыгъэльагъуэр. А пщІантІэм ущыдэткІэ, упсэльэныи убуээныи ухуейкъым. Щхьэм щызэблэкІ гупсысхэмрэ псэм игъэв гуауэмрэ апхуэдизкІэ кьыптохьэлъэри, лъэр зэблэхпыф кьудейщ. Зэ пльаГъуэн хуейщ МелыІычхэм я кьалэр, ауэ... Абы пхутегъэзэзнуеным. ЩІытебгъэзэн щхьэусыгъуи щымыІэу, илъэс бжыгъэкІэ уигу ильэнущ, уи нэгу щІэтынущ, уи гукьыдэжьр игъэмэщІынущ. Ауэ, итІани, зи унагъуэ псор хэкІуэда адэр, сабиищ еджапІэм игъакІуэу кьызыхуэмыкІуэжа анэр, анэгъэуджакІуэмрэ школакІуэ бынхэмрэ абы кьыхэзрыщІэмыкІыжар уи нэгу кьыщІыщІыжькІэ, уэри уи фэм зэрыдэхуэнуэр кьыбГуроІуэ.

Мы дунеишхуэм темызагъэу сабий цІыкІуэхэр зыуКІыну мурад зыщІа цІыху щхьэ кьытхэт? ЩхьэцІыкухЕ деджэрэ абы? А гуауэшхуэр зыльэгъуахэр, зэхэзыхахэр щхьэ зэщцыкъэрэ, ззэауэрэ? Я гур щхьэ цІыкІу мыкъуэр?

ГущІэгъуншагъэм гъунэ зэримыІэм и щхьэт нэсщ зи гуГэу тщІы сабийхэмрэ балигъэмрэ зыщІаубыдауэ щыта спорт пэшыр. Абы узэрыщІыкъэ хьэлъэ гуэрым укъыхэгъащІэ. Нэпсра, гуауэра апхуэдизу узыпІыпІыр? ГурыІуэгъуэкъым. Нарыльагъур зыщ. Адэм и быниплІыр игуасэу, анэм и сабиитІыр щІыгъуу, зэдэлъхуэзэшпхъу цІыкІуэхэр щырыщу, тІуритІу... А къомым я сурэтхэр ефІэтщ я щІэ-унэцІэхэр тетхэжауэ.

Лъэгум кьыщагъэуа лагъымхэм ар кьызэрыриудам хуэдэщ, абдеж щыса цІыкІуэхэм я сурэтхэр иджы блыным фІэлъщ... Псы пТулькІэхэмрэ зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ кьыкуэзэхуэхъэсурэ пІланэпэр яуфэбгъуащ, тхылъымпІэ Іэрытхэмрэ удз гъэгъахэмрэ я бжыгъэм кьыбжаІэ осетинхэм дуней псор кьаззрыдэщыгъуэр. Кьалэдэс сабийхэм щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ кьызыщІахьу щыта школыр иджы цІыкІу яІэпІэщ, илъэс 20-м кьэриубудэу абы зи лІыкІуэ кьэмыкІуа кьэралым щІэлэжьхьэм. ПщІантІэм мрамор блынышхуэ дэтщ, цІэ-унэцІэ 300-м щигъу тетхауэ, члисэ екІуи дащІыхьащ.

Илъэс 20 дэкІами беслъэн анэхэм я нэпсыр гъущакъым, адэхэм я гуауэм хэщІакъым. ЩІопхъаджащІэхэр зытеуахэм яхэта щІалэхэмрэ пщащхэмрэ нобэ балигъыпІэ иуваУэ гъащІэм лъэ быдэкІэ хэт щІыху дахэхэщ. Ажалыр зэгуэрым зыльэгъуа цІыху кьызэрымыкІуэщ ахэр. Иджы Урысейм гъэ кьэс щрагъэкІыжкІ осетие гуэзвэгъуэшхэр лъабжьэ зыхуэхъуа махуэ хэха. ЕтІуанэ илъэсым щегъэжьауэ хэрзэ ящІащ фокІадэм и 3-м Терроризмэм пэщІэтынымкІэ зэхъуэтыныгъэм и махуэр, цІыхухэр абы зэреджэр Беслъэн щыхэкІуэдахэм я махуэщ.

Иужьк1э, 2006 гъэм Урысей Федерацъм къыщызэрагъэпэщащ Терроризмэм пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитет. Сыт хуэдэ кьулыкъущІапІэ кьызэІутхми, цІыху-хэзкІэ кхъуэкІэ щІэІэкъ терроризмэр щыІэнущ. АтІэ цІыхур зыщІэгупсысыжрэ гъуэгу пхэнж текъэр кьыкеткІыжьіфу щытамэ, ГьащІэр мамыр хъужьынт.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**2024 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ**

# Дэ захуагъэм дрителъхьэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и ешэ зэхуэсыгъуэм щыІэжьонухэр хэхыным ипэ кьмхуэ Іуэхум еух. Андрей партхэми хуэдэу, лэжьыгъэм жыджэру хэтщ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» партыр.**

РЕСПУБЛИКЭМ ис куэдым ящІэ дэ хэхыныгъэхэм хуабжьу зэрызыхуэдгъэхьэзырыр. КъэтІэт Іуэхуэр теуХуащ псэуКІэм ехьэлІа захуагъэр зэфІэгъэувэным, щІыхуэхэм я щеІэкІэпсэуКІэр хэпшыкІыу егъэІэрэІэныным. Ахэр кьыщыгъэлъэгъуар хэхыныгъэхэм папщІэ дгъэхьэзыра программэм и закъуэкъым, атІэ ди партым кьигъэув Іуэхуэхэм лъабжьэ хуэхъуар аращ, кьэкІуэну ильэсэхэм ирилъэжьну и мураду. Дэ цІыхуэхэр кьызэрыдгъэгуГэн гъэпцІагъи, хэхыныгъэхэм папщІэ дызыхуекІуэ бзаджагъи зыми хилъэгъуэнукъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, сыт щыгъуи цІыхуэхэр кьызэрыдгъэгуГэр догъэзащІэ, ди лэжьыгъэр псом я дежкІи нэрылъагъущ, зыхуэдгъэувыж мурадхэр кьыддэзэІыгъэщ, ди акъылэгъуэ кьэралым ирыр куэд дыдэ мэхъу.

Псалъэм папщІэ, ди партыр ерыщу иужь итщ пенсэ реформэ фІащу утыку кьрахьа Іуэхум кьрикІуа мыхъумыщІагъэхэр гъэзэкІуэжьным. Пенсэ ныбжьы ягъэувам - цІыхухъэхэр илъэс 65-рэ, цІыхубзхэр илъэс 63-рэ - нэмысу цІыху куэд дунейм ёохьыж. Дэ хьэкъыу дощІэ пенсэ ныбжьыр щагъэувым щхьэусыгъуэ хуащІа ІуэхуГуэхэр зэрымыпэжыр, ялэрей бжыгъэхэр, 2019 гъэм щІышылэм и 1-м щІыр, къэщтэжьын зэрыхуейр. Апхуэдэуи дэ дрителъхьэщ пенсионер псоми кьрат ахъшэм зэхуэдэу хэгъэхъуэн зэрыхуейм, апхуэдэуи лэжьапІэ Іут пенсионеру иужьрей илъэситхуи зи пенсэ зэращІэщи, медицинэм и лэжьакІуэ хэхахэм я улахуэм социальнэ ахъшэ зэрыхудыщІагъуар, ауэ абы «дэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и лэжьакІуэхэмрэ щІыпІэ сымаджэщхэм щыІэхэмрэ хэхуакъым. Дэ унафэщІхэр кьыхуДоджэ абыхэми я ахъшэм хухагъэхьуэну. Апхуэдэуи жыдоІэ, цІыхур Іэмал имыІэу зыхуей хущхъуэм щІит ахъшэр кьыхэхъуэм и процентн 10 нэхъыбэ хьу зэрымыхьунур.

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» партыр йолэжь егъэджэныгъэ Іэнатіэр зэрегъэфІэкІуапхъэ Іэмалхэм ятеуауэ унафэ кьэщтэным. Мы Іуэхум теухуауэ нэхъыщхьэу кьэдгъэувыр ЕГЭ, ОГЭ экзаменхэр Іухыныкъ, егъэджэныгъэр пщІэнэу щытын зэрыхуейрц. Абы и лъэныкъуэкІи екъулІэныгъэ гуэрхэр щыІэщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, Парламентым планернэ едэІуэныгъэхэр иригъэкІуэкІащ ЕГЭ-р кьызэрызэгъэпэщыпхъэм теухуауэ, ауэ дэ зиужь дитыр щІыналъэхэми а Іуэхум щытепсэльыхьын зэрыхуейрц, и кьызэгъэпэщыкІэм кьыщынэу, ЕГЭ-р щымыгъэзэнэр и лъабжьэу.

Дэ дыхущІокъу ди щІыпІэм лэжьакІуэ кьакІуэ-кІуэжьхэм я Іуэхур кьэралым зэрилъэхъуэным. Фигу кьэзгъэкІыжьыну сыхуейщ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» партым куэд щІауэ кьызэрилъэтэ Іэпхъуэшапхъуэм ефха гуГуехьэхэр икІи абы телъсэльыхьар ди партым и закъуэщ. Зи гуГу тщІыр ди кьэралым и бзэ нэхъыщыхэр ямыщІэу, щэнхабзэр зэрагъэщІэну хуэмеИуэ, езыхэм я хабзэкІэ щыпсэуну зызыгъэхьэзыру мыбы зэрыІыгъыу кьакІуэ щІыху гупхэрщ. Мыр хуабжьу ди нэІэ зытедгъэтын хуей щытыкІэщ, тІасхъапІэу ди биИхэм кьагъэсэбэп Іуэхущ.

ДІэпкІэ зиужь дитынхэм ящыщщ «Справедливый базовый доход»-кІэ дызэджэ Іуэхур тхыгъэкІыныр - хэхахэм я улахуэм социальнэ ахъшэ зэрыхудыщІагъуар, ауэ абы «дэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и лэжьакІуэхэмрэ щІыпІэ сымаджэщхэм щыІэхэмрэ хэхуакъым. Дэ унафэщІхэр кьыхуДоджэ абыхэми я ахъшэм хухагъэхьуэну. Апхуэдэуи жыдоІэ, цІыхур Іэмал имыІэу зыхуей хущхъуэм щІит ахъшэр кьыхэхъуэм и процентн 10 нэхъыбэ хьу зэрымыхьунур.

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» партыр йолэжь егъэджэныгъэ Іэнатіэр зэрегъэфІэкІуапхъэ Іэмалхэм ятеуауэ унафэ кьэщтэным. Мы Іуэхум теухуауэ нэхъыщхьэу кьэдгъэувыр ЕГЭ, ОГЭ экзаменхэр Іухыныкъ, егъэджэныгъэр пщІэнэу щытын зэрыхуейрц. Абы и лъэныкъуэкІи екъулІэныгъэ гуэрхэр щыІэщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, Парламентым планернэ едэІуэныгъэхэр иригъэкІуэкІащ ЕГЭ-р кьызэрызэгъэпэщыпхъэм теухуауэ, ауэ дэ зиужь дитыр щІыналъэхэми а Іуэхум щытепсэльыхьын зэрыхуейрц, и кьызэгъэпэщыкІэм кьыщынэу, ЕГЭ-р щымыгъэзэнэр и лъабжьэу.

Дэ дыхущІокъу ди щІыпІэм лэжьакІуэ кьакІуэ-кІуэжьхэм я Іуэхур кьэралым зэрилъэхъуэным. Фигу кьэзгъэкІыжьыну сыхуейщ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» партым куэд щІауэ кьызэрилъэтэ Іэпхъуэшапхъуэм ефха гуГуехьэхэр икІи абы телъсэльыхьар ди партым и закъуэщ. Зи гуГу тщІыр ди кьэралым и бзэ нэхъыщыхэр ямыщІэу, щэнхабзэр зэрагъэщІэну хуэмеИуэ, езыхэм я хабзэкІэ щыпсэуну зызыгъэхьэзыру мыбы зэрыІыгъыу кьакІуэ щІыху гупхэрщ. Мыр хуабжьу ди нэІэ зытедгъэтын хуей щытыкІэщ, тІасхъапІэу ди биИхэм кьагъэсэбэп Іуэхущ.

Дэ унафэщІхэр кьыхуДоджэ абыхэми я ахъшэм хухагъэхьуэну. Апхуэдэуи жыдоІэ, цІыхур Іэмал имыІэу зыхуей хущхъуэм щІит ахъшэр кьыхэхъуэм и процентн 10 хьу квотэкІэ зэрыхуейр. Ауэ ар ди кьэкІуэнырщ, мыхьэнэшхуэ иІэщ ящІэ щыІэ щыІэ щытын хуейщ. Кьалэщхуэхэм щІыуэпс гъэтІылъыгъэхэм лей кьыщытохьэ, абы кьыхэкІыу промышленнэ объекТхэр здэщыІэн хуейкъым мыхьэнэшхуэ иІэщ, щхъуантІагъэ зэрыт щІыпІэхэм зегъэужьыпхъэщ.

Дэ кьыхьдолъхьэ, щІы гектар мелуанхэр къэдгъэсэбэпкІэрэ, мэкъумэщ хозяйствэ кьабзэм зегъэужьын, тыкуэнхэм щащэ ерыскъы узынщэжьм процентн 10 хьу квотэкІэ зэрыхуейр. Ауэ ар ди кьэкІуэнырщ, мыхьэнэшхуэ иІэщ ящІэ щыІэ щытын хуейщ. Кьалэщхуэхэм щІыуэпс гъэтІылъыгъэхэм лей кьыщытохьэ, абы кьыхэкІыу промышленнэ объекТхэр здэщыІэн хуейкъым мыхьэнэшхуэ иІэщ, щхъуантІагъэ зэрыт щІыпІэхэм зегъэужьыпхъэщ.

Дэ кьыхьдолъхьэ, щІы гектар мелуанхэр къэдгъэсэбэпкІэрэ, мэкъумэщ хозяйствэ кьабзэм зегъэужьын, тыкуэнхэм щащэ ерыскъы узынщэжьм процентн 10 хьу квотэкІэ зэрыхуейр. Ауэ ар ди кьэкІуэнырщ, мыхьэнэшхуэ иІэщ ящІэ щыІэ щытын хуейщ. Абыхэм кьалэжь псор я хэкум щІахьыжьын щыІэкъым. Ауэ щыхьуКІи, ди къэралым и Іэмал псори езым кьигъэсэбэпу мыбы щыІэу. ЛДПР-м и депутахэм законым и проект ягъэхьэзыращ мигрантым и НДФЛ-р процент 30 хъун хуейуэ.

ЛДПР-м хабзэм кьемызэгъыу къэралым кьихьэ нэгъуэщІ щыхухэр ихужьын хуейуэ кьелъытэ!

**6. Урысейм къигъувхэр пхыкІыу, СВО-м дыщытекІуэну!**

ЛДПР-р сыт щыгъуи доІэпыкъу ди зауэлІхэм, «Плечом к плечу» фондымкІи хузэфІэкІ ещІэ.

Дзэ Іуэху хэхар щэчыншэу ТекІуэныгъэкІэ иухын хуейщ - Урысейм къигъувхэр кьащтэу, ди къэралым и льэщагъыр кьалъытэу. Нацизмыр иджыри хэдгъэщІэнущ, 1945 гъэм дызэрытекІуам хуэдэу!

ЛДПР-р щытащ икІи щытынущ кьызэрыгуэкІ цІыхубзэ. Аращ жылагъуэми дзыхь кьыщІытхущІыр! ЩхьэгъэщпІэж гуГъэхэр кьэзгъани, «Честный план ЛДПР»-м и телъхьэ Іэ фІэт!

ИрагъэкІуэкІа пхъэндзэм иткъ иткІэ, пщІэнэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахэм теухуауэ» 2008 гъэм шышъхьэйм и 5-м кьыдэкІа КъБР-м и Закон №156-РЗ-м и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

# IэпщIэлъапщIагъэм драгъэхьэхыж

**Шыщхьэуlум и 29-м «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм (КъБР-м и АСМО) и правленэм и унафэщI Пэнагуэ Максим я зи чэзу зэIущIэр КъБР-м и Правительствэм щригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм политикэ кIуэцI Iуэхухэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и управленэм и чэнджэщэгъу Храмцов Алексей, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, муниципальнэ районхэмрэ къалэхэмрэ я щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ я советхэм я унафэщIхэм я къуэдзэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ Iуэхугъуитlым щыхэплъащ. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм ЦIыхубэ творчествэмрэ культпросвет лэжьыгъэмкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр методическэ центрым и унафэщI Жылэ Анатолэ тепсэлъыхьащ лъэпкъ гъуазджэмрэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ республикэм зэрыщахъумэну Iэмалхэм. Абы жиIащ мы зэманым «ЦIыхубэ IэпщIэлъапщIагъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым тету, лъэпкъ щIэинхэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ абыхэм зегъэужьынымрэ ахэр зэрелэжьыр. Къищынэмыщlауэ, гулъытэшхуэ хуащI лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъэм цIыхухэр дегъэхьэхыжыным, щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм ди щэнхабзэр ирагъэцIыхуным.

- Ди мурадхэр къыдэхъулIэн папщIэ, республикэм и къалэ, къуажэ къэс лъэпкъ IэщIагъэхэм щыхуагъасэ унэхэр е гупжьейхэр къыщызэгъэпэщын, абыхэм щылэжьэну IэщIагъэлIхэр къешэлIэн хуейщ. Курыт школхэм щеджэхэм я лэжьыгъэ дерсхэм хыхьэу, лъэпкъ фащэ зэрадым, щIакIуэ зэращIым, дыщэкIым, хэдыкIым, пхъэм къыхэбзыкIыным, ятIагъуэм зэрелэжьым, цы зэIрызэIуащэм ахэр щыхагъэгъуазэу щIыпхъэщ, - жиIащ Жылэ Анатолэ. - Апхуэдэуи IэпщIэлъапщIэхэм сату щапIэхэр (павильонхэр) яIэн хуейщ, я IэдакъэщIэкIхэр ягъэлъэгъуэфын, ящэн хуэдэу. Апхуэдэхэр къыщызэIухыпхъэщ, псалъэм папщIэ, зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъыбэу здэкIуэ щIыпIэхэм: Джэдмыщх псыкъелъэхэм, Зэнзэныпсхэм я хуейм, Шэдхъурей гуэлым, Джэдыкъуэ, Аушыджэр псы хуабэхэм, Гуэл щхъуантIэхэм, Iуащхьэмахуэ лъапэ хуэзэу. КъБР-м и Правительствэм зыхуэдгъэзэну дыхуейт лъэпкъ IэпщIэлъапщIэхэм илъэс къэс ахъшэ саугъэткIэ зыщIагъакъуэу щIыным хэплъэну.

Бахъсэн къалэ округым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Къармэ Залинэ зэIущIэм хэтахэр щигъэгъуэзащ КъБР-м и Парламентым и VII зэхуэсым хэтыну депутатхэм я хэхыныгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● Дифl догъэлъапlэ

# Куэд зыщIэ куэд хузэфIокI

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэщIапIэу Налшык дэтым зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Ар теухуат химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ и институт Вернадский В. И. и цIэр зезыхьэм и унафэщI, физическэ химиемкIэ дунейм щынэхъ цIэрыIуэ IэщIагъэлIхэм ящыщ Хьэмыз Руслан. Москва къалэр зи псэупIэ ди лъахэгъур хьэщIапIэ къызэрыкIуэжар къагъэсэбэпри, ар зыцIыхухэмрэ и гъащIэм, и гуащIэм зыщызыгъэгъуэзэну хуейхэмрэ щызэхуэсат ДАХ-м.**

- ЗЭIУЩIЭМ зыкъргъэхьэлIащ Руслан и ныбжьэгъухэм, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, химик цIэрыIуэхэм, апхуэдэуи дэ, нэхъ гъунэгъуу щIэныгъэлIыр зэзыгъэцIыхуну щIэхъуэпсхэм. И биографие къудей мыхъуу, дыхуейщ езы Руслан и псалъи зэхэтхыну. Ди лъэпкъ мащIэм Хьэмызым хуэдэ цIыху къызэрыхэкIар дэркIэ насыпышхуэщ. И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр гурыIуэгъуэщ, ар химик гъуэзэджэщи, ауэ и тхыгъэ зэдзэкIыгъэхэр телъыджэщ, ар зи IэщIагъэм адыгэбзэм кърыгъэтIэса фIэкIа пщIэнукъым. Иджыри нэгъуэщI зыгуэрым зеппщытамэ ди гуапэт, Руслан, - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

ЗэIущIэ нэхъыщхьэм щIидзэн ипэ, журналистхэр щIэлъэIури, Хьэмызыр дакъикъэ зыбжанэкIэ «къадыгъуащ». УпщIэхэм жэуап иритрэ, ар кIэщIу тепсэлъыхьащ еджэным гу зэрыхуищIам, и лэжьыгъэм, дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, гъащIэр ефIэкIуэн папщIэ щIэныгъэрылажьэхэм ящIэн хуейм, сабийм и гъэсэныгъэм нэхъыщхьэу хэлъыр лажьэу егъэсэныр зэрыарам, и зэдзэкIыгъэхэм, и хъуэпсапIэхэм, нэгъуэщI куэдми (нэхъ зыубгъуауэ пресс-конференцыр «Адыгэ псалъэ» электрон газетым (apkbr.ru) и къыдэкIыгъуэ гъунэгъухэм языхэзым тетынущ).

Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым и унафэщI, Руслан и анэ шыпхъум и къуэ **Дзэмыхь Къасболэт** псалъэ щратым, адыгэу щыIэм я Iуэху зезыхуэ ДАХ-м ехъуэхъуащ зэIущIэр къызэрызэригъэпэщам папщIэ.

- Руслан и гугъу сщIымэ, дэ дыкъыщыхъуар Налшык пэмыгъунэгъу къуажэ пхыдзащ - Къармэхьэблэщ. ДыкъыщыдэкIуэтей зэманым щыIа жылагъуэр, псэукIэр зэрыщыту нэгъуэщIт. Дэтхэнэ зы къуажэ школми щылажьэхэр зи IэщIагъэм къыхуигъэщIа егъэджакIуэхэт, я гъэсэнхэм щIэныгъэшхуэ бгъэдалъхьэну хуейуэ икIи ар яхузэфIэкIыу. Ди школри абыхэм ящыщ зыт. Ди егъэджакIуэ нэхъыжьхэм яхэтт Хэку зауэшхуэм ипэ лъандэрэ къуажэр псэупIэ зыхуэхъуа урыс егъэджакIуэхэри. Къапщтэмэ, си адэ-анэри, Руслан и адэ-анэри, ди къуэш-шыпхъу зыбжанэм яйхэри щылэжьащ школым, - къыхигъэщащ Къасболэт. - Зэгъусэу еджапIэм дыкъыщикIыжкIэ, Русланхэ я унэм япэ дыхуэзэрти, абы сыдыхьэрт. Къахуэкlуэ газет, журнал цIэрыIуэхэм я напэкIуэцIхэр зэригъэдзэкIыурэ, «Мы школыр къэзухыху псори къахутэнурэ зыри къысхуэнэнукъым», - жиIэу зэрыщытар сощIэж. И япэ ехъулIэныгъэшхуэт 9-нэ классым щIэсу Башкирием и Уфа къалэм щекIуэкIа союзпсо олимпиадэм япэ увыпIэр къызэрыщихьар.

Апхуэдэуи Къасболэт къыхигъэщащ институтым и унафэщIу щыхахынум зыкIи хуэмейуэ, и узыншагъэр абы хилъхьэну зэрыжриIар, ауэ пщIэшхуэ зиIэ академикхэр къызэрелъэIум къыхэкIыу, ахэр Руслан зэрыхуэмыгъэщIэхъуар. И къуэшыр зэрыцIыху зэпIэзэрытри, дуней псом къыщацIыхуа ди лъэпкъэгъу адрейхэми хуэдэу, и зэфIэкIым зэрыригушхуэри ибзыщIакъым. «Пушкиным и «Евгений Онегин»-р, Хэку зауэшхуэм и зэманым яуса урыс уэрэд цIэрыIуэхэр Руслан зэридзэкIауэ ди анэм и пащхьэм щислъхьам, адыгэбзэр апхуэдэу фIыуэ зэрищIэм езым и фIыщIи хилъэгъуащ, арат ар пэщIэдзэ классхэм щезыгъэджар», - жиIащ Дзэмыхьым.

Руслан лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъум, езыми зэрыжиIэу, абы цIыхур зэрипсыхьым и гугъу ящIащ ар фIыуэ зыцIыхухэм. ЩIэныгъэ и лъэныкъуэкIи IэпкълъэпкъкIэ къарукIи гугъу зыхуогъэхь, аращ и зэфIэкIым и хэкIыпIэр. Псалъэм папщIэ, «МГУ-м щыщеджи иужькIэ аспирантурэм щыщIэси зы гъэмахуэ къанэртэкъым ар къэкIуэжу мэкъу емыуэу», - жиIащ Къасболэт.

- Руслан си дэлъху нэхъыщIэщ, ауэ ди адэр дунейм ехыжа иужь, анэкъилъху нэхъыжьым и къалэнхэр и пщэ къыдэхуащ, - жиIащ культурологиемкIэ кандидат, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и профессор **ЩауэцIыкIу Людмилэ**. - Налшык къызэрыкIуэж лъандэрэ пщыхьэщхьэ къэс доуэршэрри дызэхэсщи, си унэтIыныгъэми сэр нэхърэ мынэхъ мащIэу зэрыхищIыкIыр згъэщIэгъуэн сухыркъым. СощIэ ар зы дакъикъи къэмынэу зыгуэрым егупсыс, и щхьэм куэд щызэзыгъэзахуэ цIыхуу зэрыщытыр, итIанэми слъэмыкIыу согъэщIагъуэ. ХузэфIэкIар зэрыщыту, и адыгэбзэ къулейри абы щIыгъужу, и емызэш лэжьыгъэращ къызыпкърыкIар.

КъызытепщIыкIа я лIакъуэм мащIэу и гугъу ищIащ Людмилэ, адыгэхэм нэхъыфIу яхэлъ хабзэхэр Руслан зэрызыщIишари къыхигъэщащ. «Уи гъащIэри уи ехъулIэныгъэхэри уи закъуэкъым, Руслан, зейр, - жиIащ абы. - Абыхэм иригушхуэ хъунущ дунейм и сыт хуэдэ щIыналъи щыпсэу адыгэхэр».

- Сэ нэгъуэщI школ сыкъикIыжа иужь, Русланрэ сэрэ илъэсихкIэ зы партэм дыдэсу дызэдеджащ. Ди анэхэр зэныбжьэгъут, - жиIащ КъБКъУ-м и УНИИД-м и профессор **Бей Iэуес**. - ФIы дыдэу еджэрт Руслан, ар физикэ, химие ирехъу, литературэуи щрет. А щIэныгъэхэм я дэтхэнэ зымкIи ар доктор хъуфынут, и IэщIагъэ нэхъыщхьэмкIэ Нобель и саугъэтыр хуэбгъэфащэ щIэхъун къэхутэныгъэхэр, зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ иIэщ. Жэщ-махуэ симыIэу сопсалъэ си ныбжьэгъум и деж, си чэнджэщэгъуфIщ, зыгуэр кIэ сыкъытехьэлъэуи игъащIэм зыкъызигъэщIакъым. Аспирантурэм дыщыщIэсым, Руслан Москва, сэ - Налшык дыщеджэрт, щIэх-щIэхыурэ ди къэралым и къалащхьэм сыкIуэн хуей хъурт. Пэш зэв цIыкIум щIэс пэтрэ, зэпымыууэ сыкъыщыувыIэр абы и дежт.

Щытхъу зэрыфIэмыфIыр къапщIэу Хьэмызыр мэукIытэ. Езым и псалъэкIэ жыпIэмэ, зиухеижыну абы къыхегъэщ Налшык зигъэпсэхуну къызэрымыкIуэжар, атIэ лэжьыгъэшхуэ къазэрыпэщылъыр. Ди республикэми Кавказ Ищхъэрэми яхуэгъэза Iуэхушхуэщ гъуэгу къытезышар. Псалъэм и хьэтыркIэ, Дагъыстэным литийм щелэжьынущ, Налшык бжьэхуц хьэсэхэр щащIэну, абы щелэжьыну IуэхущIапIи къыщызэIуахыну я гугъэщ. Абыхэм нэхъ зыубгъуауэ тригъэпсэлъыхьмэ нэхъ къищтащ «Радий» IуэхущIапIэм и генеральнэ унафэщI, «Телемеханика» заводыр зей **Кхъуэнэ Мухьэмэд**.

- Литиймрэ бжьэхуцымрэ ди къэралым къомэщIэкI, - жиIащ Мухьэмэд, - аращ абыхэм яужь димыхьэныр щIэIэмалыншэр. ЩIыгулъ фIыцIэ къэтшащ, щIыуэпсым зэрезэгъыр дгъэунэхуу, хъунумэ бжьэхуц хьэсэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щытщIэну. Бжьэхуцыр зэрыдиимащIэм и зэранкIэ Iугъуэншэ гыныр тхурикъуркъым. Къапщтэмэ, Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм топхэр ягъэпщкIу щхьэкIэ, здэщыIэр бийхэм къащIэ къапих IугъуэмкIэ. Мис а Iугъуэншэ гыныр щыпщIкIэ лей къэхъу кIэрыхубжьэрыхум дыщелэжьыну аращ «Телемеханика» заводым.

КъБКъУ-м и проректор **Хъурей Арсен** къыхигъэщащ Руслан и зэдзэкIыгъэ тхыгъэхэр зэрыфIэтелъыджэр, хузэфIэкIа куэдыр мащIэу къытщызыгъэхъуну Iэджэ иджыри и къарумрэ и щIэныгъэмрэ къихьыну зэрыщыгугъыр.

Руслан и къекIуэкIыкIам кIэщIу тепсэлъыхьащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. Абы къыхигъэщащ Руслан 1982 гъэм кандидат, 1998 гъэм доктор диссертацэхэр зэрыпхигъэкIар. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием зэрыхэтыр. ЩIэныгъэ тхыгъэу къыдэкIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм тридзар 215-рэ, и IэдакъэщIэкIхэр къыщыхагъэщахэр 98-рэ мэхъу, патенту къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм 45-рэ щиIэщ. «Уи цIэр дгъэлъэпIэну ди гуапэщ, Руслан, дуней псом укъызэрыщацIыхур, укъызэращIэр ди напщIэм телъщи, Тхьэм ухущIигъэхьэ», - жиIащ Мухьэмэд.

ИужькIэ къэпсэлъахэми зы жьэу жаIащ Хьэмыз Руслан зэрыцIыху зэпIэзэрытыр, адыгэлъ къабзэ зэрыщIэтыр, къызыхэкIам папщIэ имыщIэн щымыIэу лъэпкъыр фIыуэ зэрилъагъур, дэнэ щыпсэуами, игукIи и псэкIи Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыпыщIар. Куэд зыщIэ куэд хузэфIокI жыхуаIэрати, и къару къихьу зыри къэзымыгъанэ адыгэлIым дэнэкIэ игъазэми и гъуэгур дахэ хъуну ди гуапэщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Iулыдж лъагэ зиIэ

**ГъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэ и щIыбагъ къыдэлъщ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, республикэм и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща Джыназ Руслан Пщыбий и къуэм. Пщэрылъ къыщащI дэтхэнэ зы лэжьыгъэри нэгъэсауэ зэригъэзэщIэным хущIэкъуу IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ ар. Мы зэманым Джыназыр щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ колледжым, ар къэзыух ныбжьыщIэхэр лэжьыгъэкIэ къызыгъэпэщын IуэхумкIэ еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэу.**

ДЖЫНАЗ Руслан 1951 гъэм Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ курыт школым и класси 9-р къиуха нэужь, 1967 гъэм ар щIэтIысхьащ Налшык дэт медицинэ училищэм фельдшерхэр щагъэхьэзыр и къудамэм.

«Школым сыщIэсу дохутыр IэщIагъэм сыхуеджэну мурад сщIауэ щытащ, - игу къегъэкIыж Руслан медицинэм и гъуэгуанэм зэрытехьауэ щытар. - АбыкIэ щапхъэ схуэхъуащ си адэ къуэшыр, ар район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу щытащ, иужькIэ Налшык къалэ и «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и IэщIагъэлI пашэу лэжьащ. IэнатIэм щиIа зэфIэкIхэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыр цIэ лъапIэри къыфIащат. НэгъуэщI зы щхьэусыгъуи иIэщ а IэщIагъэр къыщIыхэсхам. Си анэ дэлъхур гипертоние узыфэм егъэлеяуэ къыхигъэзыхьырт. ЩIэх-щIэхыурэ абы щхьэуз бзаджэр зэриIэр щыслъагъукIэ, сегупсысырт мыбы и Iэзэгъуэр зыхэлъ хущхъуэ щIыщымыIэр сыт жысIэу? Апхуэдэ щIыкIэкIэ а цIыхуитIыр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ си гъащIэр зыхуэзгъэпса IэщIагъэр къыхэсхыным: зым ещхь сыхъуныр си хъуэпсапIэт, адрейм и узыр щхьэщыкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу сыхуэхъуну сыхуейт…»

1971 гъэм еджапIэр къиухри, Джыназыр Совет Армэм къулыкъу щищIэну ираджащ икIи Волгоград къалэм щыIэ танкыдзэм илъэситIкIэ къалэныр щрихьэкIащ. Къулыкъур кърихьэлIа нэужь, 1973 гъэм, Волгоград дэт медицинэ институтым и щIэныгъэм щыпищэну мурад ищIри, экзаменхэр итащ, арщхьэкIэ зы балл закъуэ зэрыхуримыкъуам къыхэкIыу щIэтIысхьэфакъым. Абы къыщихьа оценкэхэр иту тхылъ кърэтыжар иIыгъыу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым кIуати, къащтакъым, я деж экзаменхэр зэрыщимытар щхьэусыгъуэ къыхуащIри. ЩIыналъэм къигъэзэжа нэужь, Налшык щыIэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» фельдшеру уващ, гу узыфэхэмкIэ IэщIагъэлIхэм я гупым хэту. Iуэхум фIыуэ хэзэгъами, Руслан и мурад быдэт адэкIи и щIэныгъэм хигъэхъуэныр икIи 1974 гъэм КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щIэтIысхьащ. Ар жыджэру хэтащ университетым и жылагъуэ гъащIэм. Студентхэм къызэрагъэпэщу щыта лэжьакIуэ гупхэм я унафэщIу ар щыIащ Урыху къуажэм дэта консерв заводым, Бахъсэн районым и «ПсыкIэху» совхозым, Прохладнэ щIыналъэм щыIэ «Прималкинский» совхозым. Щытхъу яIэу, зэфIэкI хьарзынэхэр къагъэлъагъуэу зэрылэжьам и щыхьэтт республикэм къыщызэрагъэпэща студент гупхэм я деж абыхэм бжьыпэр зэраубыдар. КърахьэлIа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ гупым хэт зыбжанэ къэрал дамыгъэхэмкIэ ягъэпэжащ, Джыназми кърэтауэ щытащ «За трудовую доблесть» медалыр. А Iуэхум хьарзынэу зэрехъулIар къалъытэри, 1978 гъэм ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и студент ухуакIуэ гупым я щIыналъэ штабым и дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ. А къулыкъури и еджэнри илъэсищкIэ зэгъусэу зэдихьащ.

1980 гъэм еджапIэ нэхъыщхьэр къиухри, ординатурэр Руслан кардиологие унэтIыныгъэмкIэ щIыналъэм и Кардиодиспансерым щрихьэкIащ. АбыкIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Саратов дэт медицинэ институтым кардиологиемкIэ и щIэныгъэ-методикэ центрым. Республикэм къигъэзэжри, автотранспорт поликлиникэм гу узыфэхэм еIэзэ дохутыру лэжьэн щыщIидзащ. ИлъэсищкIэ абы щыIауэ, адэкIи и щIэныгъэм хигъэхъуэн мурадыр иIэти, аспирантурэм щIэтIысхьэжащ. Сеченовым и цIэр зезыхьэ Езанэ къэрал медицинэ университетым и щIэныгъэ лэжьыгъэр 1989 гъэм ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ, профессор цIэрыIуэ Кукес Владимир и унафэм щIэту.

Джыназ Руслан и лэжьыгъэ гъуэгуанэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд Эфиопием зэрыщыIа мазэ бжыгъэм, 1991 гъэм и щIышылэ мазэм щегъэжьауэ мэлыжьыхь пщIондэ. Америкэм, Совет Союзым, Эфиопием зэгъусэу ирагъэкIуэкI проектым ипкъ иткIэ, иужьрейм я къэралым и къуажэхэм щыпсэухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр хуащIэн хуейт.

«Къэрал къэс цIыхуи 4 лIыкIуэу къыхахат, - игу къегъэкIыж Руслан. - Сэ си къалэныр къалащхьэм пыIудза къуажэ 15-м щыпсэухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етыныртт. Америкэм къикIа дохутырым сымаджэхэм еплъын идакъым, Эфиопием щыщ фельдшерымрэ сэрэ щIыпIэм щыпсэухэм деIэзащ. Лэжьыгъэ и пIалъэ кууэ ухэгъуэзэнымкIэ ар Iэмал хъарзынэт, апхуэдэу инджылызыбзэм тэмэму срипсэлъэфу зезгъэсат».

Абы къикIыжа нэужь, Джыназым лэжьэн щыщIидзащ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм, профессор цIэрыIуэ Елгъэр Анатолэ зи унафэщI кафедрэм епхауэ. ИлъэсищкIэ абы щыIауэ а зэманым республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и министру щыта Бер Мухьэдин и жэрдэмкIэ Узыфэ зэрыцIалэхэм щеIэзэ къалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ икIи илъэс 21-кIэ пщIэрэ щIыхьрэ иIэу а къулыкъум пэрытащ. ИужькIэ а IэнатIэм и дохутыр нэхъыщхьэм поликлиникэ лэжьыгъэхэмкIэ и къуэдзэу илъэси 8-кIэ лэжьащ.

«Къэралым и зэхэзэрыхьыгъуэ лъэхъэнэм техуат унафэщI къулыкъум сыщыпэрыта илъэсхэр, - жеIэ Руслан. - Дэтхэнэ зы унэтIыныгъэми хуэдэу, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэри щытыкIэ хьэлъэ къихутат. Сымаджэхэр зыхуэныкъуэ хущхъуэкIэ, ерыскъыкIэ къызэгъэпэщыныр, лэжьакIуэхэм я улахуэр и чэзум етыныр, медицинэ Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщI хьэпшып зэхуэмыдэхэр къэщэхуныр зэхуэбгъэкIуэныр гугъут. Дауэ хъуми, а щытыкIэми дыкъикIыфащ, зэрыхъукIэ ди лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэретхьэкIыным дыхущIэкъуу».

ГъащIэм щапхъэ щыхуэхъуа, зи дэIэпыкъуныгъэ игъуэта цIыхухэри гуапэу игу къегъэкIыж Руслан. Апхуэдэу къыхегъэщ дохутыр IэщIагъэм хэзэгъэнымкIэ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру щыта Бер Мухьэдин дэIэпыкъуэгъушхуэ къызэрыхуэхъуар, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ Iуэхухэм зэрехъулIар университетым и ректору щыта Лъостэн Владимиррэ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Елгъэр Анатолэрэ куэдкIэ я фIыщIэу къелъытэ. «Зихуэдэ щымыIэ а цIыху телъыджэхэр сэ зэи сщыгъупщэнукъым. Лъостэн Владимир хуэдэ лэжьакIуэшхуэ, акъылыфIэ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъ, зи псалъэм тебгъуэтэжыф цIыху пэж си гъащIэм срихьэлIакъым. ИкъукIэ цIыху щэджащэт ар», - жеIэ абы.

Зыхэт гупым я деж и пщIэр щылъагэу, ныбжьэгъухэми лэжьэгъуэхэми псалъэ гуапэхэр хужаIэу апхуэдэщ Джыназ Руслан.

«Джыназ Русланрэ сэрэ дыщеджэ илъэсхэм, студент лэжьакIуэхэм я гупым дыщызэрыцIыхуауэ щытащ, - жеIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр Ахуэмгъуэт Мухьэмэд. - Ар гупым и унафэщIт, дэтхэнэми пщIэ хуищIырт, и жыIэм едаIуэрт. Пэжыр жысIэнщи, гупыр зэкъуэтт, зэгурыIуэрт, шэч хэмылъуи, ар куэдкIэ зи фIыщIэр Руслант, дэтхэнэ зы Iуэхури захуагъэм тету зэфIихыфырт. Абы сэрэ занщIэу ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ икIи иужькIэ зэхущытыкIэфIхэр диIэу дыкъызэдекIуэкIащ, махуэшхуэхэр зэгъусэу зэдэдгъэлъапIэу. Республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэм ар куэдрэ чэнджэщэгъу яхуэхъурт, сыт хуэдэ Iуэхуми унафэ нэгъэса зэрытрищIыхьыфым къыхэкIыу пщIэшхуэ къыхуащIырт. IэнатIэм епха Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр къызэгъэпэщыныр абы фIы дыдэу къехъулIэрт, уеблэмэ дохутыр нэхъыщхьэхэм я тхьэмадэкIэ къыщеджи куэдрэ къэхъурт. Езыми и гулъытэр дэтхэнэми лъигъэсырт, зэрыхузэфIэкIкIэ дэIэпыкъуэгъу къыпхуэхъунут. Абы щапхъэ зэрытетхыным псори дыхущIэкъурт. Ди зэныбжьэгъугъэм кърихубыдэу Руслан сыкъыщигъэщIэхъуа къэхъуакъым, ар къуэш нэхъыжьущ къызэрыслъытэр. ДызэрызэрыцIыхурэ илъэс бжыгъэ куэд дэкIыжами, ноби зэкъуэшыгъэ быдэ дяку дэлъщ».

«Джыназ Руслан республикэм Iулыдж лъагэ щызиIэ цIыхущ, абы ныбжьэгъу и куэдщ, зэгурыIуэ унагъуэ дахэ и щIыбагъ къыдэтщ. Дохутыр IэщIагъэм къыхуигъэщIащ зыхужаIэхэм хуэдэщ ар, апхуэдизкIэ псэ хьэлэлу зыпэрыт лэжьыгъэр ирихьэкIыу къогъуэгурыкIуэри. Узыншагъэ быдэ иIэу иджыри илъэс куэдкIэ и унагъуэ дахэм яхэсыну дохъуэхъу», - жаIэ Руслан и ныбжьэгъухэу экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къалэ Замиррэ газоэлектросварщик IэщIагъэлI пажэ Къалэ Iэлисэхьрэ.

Жьыщхьэ махуэщ Джыназ Руслан. Унагъуэ жьэгу дахэм и тхьэмадэщ, ныбжьэгъуфIхэр иIэщ, фIыуэ илъагъу лэжьыгъэм пэрыту къокIуэкI, и пщIэр жылагъуэм щылъагэщ. И быниплIым, абыхэм я щIэблэу 9 яIэщи, дэтхэнэми и зэфIэкIым иригушхуэу, гукъыдэж кърит апхуэдэщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Промышленность псынщIэм и зэфIэкIхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым псори зэхэту къыщыщIагъэкI продукцэм и процент 12,4-р промышленность псынщIэм и IэнатIэхэм яхуозэ. Дызэрыт илъэсым и япэ Iыхьэ ныкъуэм хьэпшыпу сом меларди 3,6-рэ я уасэ абыхэм щIрагъэшащ. А лъэхъэнэм хуэзэу нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар хуэди 3,7-кIэ нэхъыбэщ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и промышленность псынщIэм и IэнатIэхэм къыщIагъэкI хьэпшып, щыгъын, щэкI, н. къ. я куэдагъымкIэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ. Ди щIыналъэм щимызакъуэу ди дэрбзэрхэмрэ трикотажым елэжь IуэхущIапIэхэмрэ я продукцэхэм нэгъуэщI щIыпIэхэми щIэупщIэ щаIэщ. Абыхэм къыщIагъэкI хьэпшып зэхуэмыдэу 30-м нэблагъэ, щэкI зэмылIэужьыгъуэхэр, кIэстум зэпытхэр, гъуэншэджхэр, щIагъщIэлъхэр, курткэхэр, лэжьыгъэ IэнатIэхэм къыщагъэсэбэп щыгъынхэр, вакъэхэр яхэтыжу.

**БАТОКЪУЭ Албэч.**

# Дунейм щыхъыбархэр

### ЯхузэфIэкI ящIэнущ

**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ IуэхукIэ Тувэ Республикэм щыIащ икIи яхуэзащ Кызыл къалэм дэт курыт школ №20-м щеджэ ныбжьыщIэхэм. «Нэхъыщхьэм теухуа псалъэмакъхэр» дерс зэIухам Iуэхугъуэ куэдым щытепсэлъыхьащ, ауэ хэхауэ къыхагъэщащ Урысеймрэ Украинэмрэ яку дэлъ зэныкъуэкъуэр, Курск, Брянск, Белгород областхэм иджыпсту щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр.**

«ДЭ иджыпсту догупсыс Курск, Брянск, Белгород областхэм щыпсэу ныбжьыщIэхэр зэрыт щытыкIэ гугъум къиша зэрыхъуным, псори дызыщыгъуазэ щхьэусыгъуэхэм япкъ иткIэ, абыхэм иджыпсту къахуихуащ онлайн жыпхъэм иту е нэгъуэщI щIыпIэхэм кIуэуэ гуп мыцIыхухэм яхэту еджэну, - жиIащ Путин Владимир. - Шэч хэмылъу, ди къэралым, абы IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм яхузэфIэкI ящIэнущ а щIыналъэхэм мамыр псэукIэр щызэтегъэувэжынымкIэ, а сабийхэм гъащIэ мамырыр яхуэзэтегъэувэжынымкIэ».

Нэхъапэкlэ япэ вице-премьер Мантуров Денис жиIащ Украинэм и гъунапкъэм пэгъунэгъу урысей щIыналъэхэм я еджакIуэхэр зэпыIухауэ егъэджэным зэрыхуэкIуэнур. Апхуэдэу Курск областым и школи 114-м, Белгород щIыналъэм и еджапIи 113-м а жыпхъэм тету гъэ еджэгъуэщIэр щIадзэжащ.

### Езым и хабзэкIэ зиужьынущ

**Белоруссием и Президент Лукашенкэ Александр жиIащ Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъуэр я къэралми къызэрыжьэхэуэр.**

«АР Урысеймрэ Украинэмрэ яку дэлъ зэныкъуэкъуу къэнэжыркъым. Иджы ар яхуэгъэзащ Урысейм и телъхьэ къэралхэми. Абы къыхэкIыу а Iуэху шынагъуэр къэгъэувыIэным ди къару псори етхьэлIэн хуейщ,» - жиIащ абы. Президентым къыхигъэщащ Белоруссием хуэгъэза «экономикэ зауэм» зэрыщIадзар икIи и къару къызэрихькIэ абы и гъуэжькуийм я къэралыр зэрыхимыгъэхуэным зэрыхущIэкъур. «Хабзэм къемызэгъ санкцэхэр къыдащIылIэу щытыкIэ гугъум дитми, къэралым зэрыхъукIэ зыужьыныгъэхэр щокIуэкI. Ар зи фIыгъэр Урысеймрэ Китаймрэ, КъуэкIыпIэм хыхьэ нэгъуэщI щIыналъэхэм, африкэ къэралхэм яхудиIэ зэхущытыкIэфIхэрщ. Иджыпсту дунейм пашэныгъэр щызыубыдыным, технологиещIэхэр зыIэщIэлъыным теухуауэ зэпэщIэтыныгъэ ткIий щокIуэкI. Сэ шэч къытесхьэркъым США-р абы зэрыпэщIэмытыфынум икIи дунейм езым и хабзэхэм тету зиужьынущ икIи пашэныгъэр къэрал зыбжанэм зэдагуэшу екIуэкIынущ», - жиIащ Лукашенкэ Александр.

**ФокIадэм и 3, *гъубж***

♦**Терроризмэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Беслъэн къалэм къыщыхъуа теракты хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**1612 гъэм** Пожарский Дмитрийрэ адыгэпщ Черкасский Къанщауэрэ польшэдзэм текIуащ.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу щыта **Дохъушокъуэ Мусэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Гугъуэт Лол**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, скульптор **БжэIумых Хьид**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ литературэдж, тхакIуэ, КъБКъУ-м и доцент **Абазэ Албэч**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 4, *бэрэжьей***

♦**Тхэквондом и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и ядернэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ IэщIагъэлIым и махуэщ**

♦**1922 гъэм** къалъхуащ Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта шэрджэс еджагъэшхуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Нэпсо Долэт**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ журналист, публицист, тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Чэрим Мариannэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI ИЗЭЩ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Балий хадэ уиIэмэ, бжэндэхъур зищIысыр пщIэнщ.**

# Спорт лъагапIэхэр я плъапIэу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым спортсмен лъэщхэр, Олимп джэгухэм хэтыфыну апхуэдэ зэчийхэр зыдалъэгъуа ныбжьыщIэхэр щагъэхьэзыр спорт еджапIэу 14 нобэкIэ иIэщ. Абыхэм цIыху мин 11-м щIигъу йокIуалIэ, тренеру 371-рэ щолажьэ, спорт лIэужьыгъуэу 22-м щыхуагъасэ.**

СПОРТ еджапIэхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытыр ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм зегъэужьынырщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм я командэ къыхэхам хэшэнырщ, дунейпсо зэхьэзэхуэшхуэхэм, Олимп джэгухэм хуэгъэхьэзырынырщ.

Ахэр щыIэщ Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм, Лэскэн, Тэрч, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

1924 «Адыгэ псалъэ» 2024

# БлэкIам и гъуджэ, нобэм и гъуазэ

**ГуфIэгъуэри нэщхъеягъуэри зыдэдгуэш ди щIэджыкIакIуэхэм къыддаIыгъыну хъыбар гуапэу къытщохъу илъэс зыбжанэ хъуауэ дызэлэжь, «Адыгэ псалъэ - 100» тхылъыр дунейм къызэрытехьар.**

«АДЫГЭ псалъэр» зи нэIэ щIэт «КБР-Медиа» IуэхущIапIэм и мылъкукIэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр я дэIэпыкъуэгъуу, иджыблагъэ «Фрегат» тедзапIэм къыщыдагъэкIащ зи IуплъапIэр сурэтым ифлъагъуэ тхылъыщIэр.

Газетым и илъэсищэ махуэшхуэр гъунэгъу зэрыхъуам къыхэкIыу, илъэс зыбжанэ ипэкIэ ди лэжьакIуэхэм елэжьын щIадзауэ щытащ мы къыдэкIыгъуэм. Корреспондентхэм тхыгъэхэр ягъэхьэзырырт, газетыжьхэм хэплъэжырт, редакторхэм ахэр зэрагъэзэхуэжырт, цIэхэр, махуэхэр, илъэсхэр, сурэтхэр зэхуагъэкIуэжырт. А псори тхылъым къэдгъэIуэтэну дызыхуей гупсысэр зытеплъагъукIыну жыпхъэм иувэн хуейт. А къалэныр нэхъыбэу зи пщэ къыдэхуар редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэд щIауэ лажьэ ЖьэкIэмыхъу Маринэщ. Нэгъуэщl лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, зи Iувагъыр напэкIуэцI 300-м нэблагъэ мы къыдэкIыгъуэр зы цIыхум е цIыхуитIым я IэдакъэщIэкIщ жыпIэну уигу нэсыркъым, сыту жыпIэмэ, абы ихуа тхыгъэхэр газетыр зыхэпсэукIа тхыдэ гъуэгуанэм, адыгэ лъэпкъым и гъащIэр итхыжыным зэрытегушхуэ лъандэрэ ича лъэбакъуэхэм къагъэщIа теплъэгъуэщ.

Хьэрфым ихъумэ щIэныгъэм пщIэ хуэзыщI цIыхум фIэкIа къызыгурыIуэн дунейм теткъым зи бжыгъэр 150-рэ фIэкIа мыхъуу дунейм къытехьа мы тхылъым и уасэр. Ди газетым и тхыдэщ жытIэ щхьэкIэ, мы тхылъым ихуар зи тхыдэр лъэпкъырщ, республикэрщ, цIыхубэрщ. Абы ихуа гукъэкIыжхэр адыгэхэм я закъуэ ятеухуауи щыткъым. Сыт хуэдэ зэмани абы щылэжьащ нэгъуэщI лъэпкъхэм къыхэкIа сурэттеххэмрэ тхылъымпIэм елэжь IэщIагъэлIхэмрэ. Нэхъыщхьэращи, тхылъым ихуа щIэныгъэ зиIэ лъэпкъыр фIыкIэ къащхьэщокI апхуэдэ тхыдэ хъумапIэ зимыIэхэм. Тхыдэджхэр уэрэдыжьхэм щIэдэIукIыурэ лъэпкъым и блэкIар къызэрахутэжым хуэдэ къабзэу, къыщыдэкIа махуэр, зытха цIыхум и цIэ-унэцIэр, щIыгъу сурэтхэр, хьэрфым и къэщыпыкIэр зытеплъагъукI фэеплъыр ухэтми усытми нэхъ IупщIу уи нэгум къыщIэзыгъэувэ музей хьэпшыпщ, и уасэр иныIуэ хъункIэ мышынагъуэу.




Пэублэ дахащэ иIэщ ди пащхьэ илъ тхылъым. Лейуэ гъэщIэрэщIэжыни хуэмейуэ, тхыбзэмрэ газетымрэ зэтIолъхуэныкъуэм хуэдэу гъуэгу зэрыпхашыр къыбгурагъаIуэ купщIэшхуэ зыхэлъ абы и псалъэхэм: «ЦIыхубэ зыужьыныгъэм дежкIэ тхыбзэм иIэ мыхьэнэр, абы игъэзащIэ къалэным и инагъыр къызэрыплъытэн пщалъэ щыIэкъым. Абы пебдзых мыхъуну абрагъуэщ «Адыгэ псалъэ» газетым ди лъэпкъым хуищIар. Ар лъэпкъым и джэлэсщ, и гъуазэщ, и блэкIам, и нобэм я гъуджэщ: газет напэкIуэцIхэм илъэси 100 хъуауэ къощ зыхуэлажьэ цIыхухэм я IуэхущIафэхэр - я гуфIэгъуи, я гукъеуи».

Iыхьэ 12 ирокъу тхылъым и псалъащхьэхэр. А псори газетым и тхыдэм ироплъэж, дэтхэнэ зыри ар зрикIуа гъуэгуанэм и щыхьэту къэуву. КупщIэ куу щIэлъщ пэублэм къыкIэлъыкIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу лэжьа ТIымыжь Хьэмыщэ и тхыгъэми. Урысейм къыщыдэкIа газетхэм я деж къыщымыувыIэу, ар адыгэм и лъэр щеувэха щIыпIэхэм мэIэбэри, лъэпкъым и бзэр щIэныгъэ хъумапIэ ищIыну щытегушхуа япэ махуэхэм ялъоIэс. МащIэу уегъэнэщхъей адыгэхэм газет къыдагъэкIын гукъыдэжыр хамэбзэкIэ яублэн хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэхэм. «Адыгэ псоми яхуэгъэза «Джэридэту Иттихьад» газетыр Къаир дэт Iэл-Iэзхар университет цIэрыIуэм 1899 гъэм Мысыр жыжьэм къыщыдэкIыу иригъэжьауэ щытащ», - дыкъыщоджэ ТIымыжьым и тхыгъэм. Абдеж къыщыщIэдзауэ къыубжмэ, адыгэ газетыбзэр илъэси 125-рэ ипэкIэ гъуэгу техьауэ пхужыIэнущ. «Адыгэ псалъэм» щэхуу ди гум щыхуэдгъафIэ защIэщ Хьэмыщэ и тхыгъэр зэриухахэри: «Ар («Адыгэ псалъэр») дяпэ ита ди нэхъыжьыфIхэм лъэхъэнэ гугъухэм хуэсакъыпэурэ къыпхраха лъэпкъ фащэщ. Ар адыгэхэм я хасэ махуэщ, и псалъэ-унафэ IущхэмкIэ лъэпкъым и гъащIэ гъуэгуанэр тынш хуищIу, гъунапкъэщIэхэр къыхузэIуихарэ лъагапэщIэхэм щигъэхъуэпсу. Ар жиIам тебгъуэтэж псалъэщ - лъэпкъым и дунейщ».

Ещанэ Iыхьэм щыгъуазэ дещI газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьахэм я гъащIэ гъуэгухэм. КъыкIэлъыкIуэм дигу къегъэкIыж газетыр псэзэпылъхьэпIэм щита лъэхъэнэ гугъур: «Ди редакцэм щыщу фронтым кIуа цIыху зыбжанэм я хъыбар куэдрэ я унагъуэхэми, я лэжьэгъухэми ящIакъым. Абы лъандэрэ блэкIа зэманым газетым и лэжьакIуэхэм зэхуахьэсыж зауэлI-журналистхэм ятеухуа материалхэр, хэкум и хъумакIуэхэм я гъащIэ гъуэгуанэ кIэщIыр нэхъ щызу къызэрагъэлъэгъуэжыным яужь итщ».

«Нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэр» Iыхьэм езым къыбжеIэ зытеухуар. ЦIэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ зезыхьа ди газетым щылэжьахэм ятеухуа тхыгъэхэр ихуащ абы. ЗэрыфщэщIи, «Адыгэ псалъэм» («Къэрэхьэлъкъ», «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр», «Къэбэрдей пэж», «Ленин гъуэгу») сыт хуэдэ зэмани щылэжьащ журналист IэщIагъэм къыхэтэджыкIа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Къалэмыр, зэрыжаIэу, «и гупэ хэлъу» гъащIэ къэзызыгъэщIа, лэжьыгъэ къезыхьэлIа апхуэдэ IэщIагъэлIым и гукъэкIыжхэр зыхуэбгъэдэн дунейм теткъым, адэ-анэм ефIэкIыжу зи куэщIым псысэ къыщыпхуэзыIуатэ дадэ-нанэхэм я ущиeм фIэкIа. Ауэ щыхъукIэ, нэхъыжьыфIхэм къаIуатэр псысэкъым, адыгэм зригъэгъуэтыфа акъыл гъэбзэкIэщ, бзэ гъэшэрыуэкIэщ, тхылъымпIэмрэ гум къизэрыхь псалъэуха гугъэзагъэмрэ зэрызэлъагъэIэс Iэмалщ. Бзэм и зэманыгъуэкIэ дызэмыджэжыфыну нобэрей махуэм дежкIэ ахэр зи уасэр мыкIуэщIщ, зи IэфIми хэмыщIщ.

«Фэеплъ» Iыхьэр зытеухуар ди лэжьэгъуу щытахэм ящыщу дунейм ехыжахэрщ. Дэтхэнэ зыми, ар адрейхэм къахэзыгъэщ хьэл зэриIам хуэдэу, я тхэкIэр къозыгъэцIыхуж псэлъэкIи, лэжьэкIи, къалэн бгъэдыхьэкIи иIащ. Абыхэм ятеухуа гукъэкIыжхэри я хъэтIыр зыхъумэ тхыгъэхэри зэи щыкIуэдынукъым ди деж, газетым и музей къызэIутхыну дызыщIэхъуэпсым хуэфщэн плIанэпэ щагъуэтынущ.

Iыхьэ щхьэхуэу тхылъым ихуащ редакцэм щылэжьа нэужь, нэгъуэщI IэнатIэ увахэм ятеухуа тхыгъэхэр. МащIэкуэдми, «Адыгэ псалъэм» и редакцэм щылэжьа псоми ятеухуа тхыгъэ зэридгъэхуэным иужь дитащ. Къалэмым гу хуэзыщIам ар зэи игъэтIылъыжыпэркъым. Абы къыхэкIыу, ахэр сыт хуэдэ зэмани «Адыгэ псалъэм» и гъэфIэну щытынущ.

Iыхьэ нэхъ убгъуахэм яхыубжэ хъунущ газетым нобэ щылажьэхэм ятеухуар. Тхьэмахуэм щэ тхылъымпIэм тету, махуэ къэс интернет IэмалкIэ щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ ихьэ «Адыгэ псалъэм» зи гуащIэрэ хэлъэтрэ езыхьэлIэ нобэрей лэжьакIуэ гупым я Iэзагъыр здынэсым щыгъуазэ дещI мы Iыхьэм. Журналистхэр я тхыгъэхэм къыуагъэцIыху щхьэкIэ, газетым и тепхъуэмрэ и къупхъэмрэ зэзыгъэзахуэхэр нэхъ гъунэгъуу нэIуасэ кыщытхуэхъур нобэ хуэдэ махуэшхуэхэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ Парламентымрэ и газету дыщыщыткIэ, ди унафэщIхэм я гулъытэ ди лэжьакIуэхэм къалъэмыIэсыпIэ иIэкъым. Илъэс къэс журналистхэм я лэжьыгъэхэр къыщапщытэжкIэ, зи къалэныр нэхъ жану езыхьэкIхэр цIэ лъапIэхэмрэ саугъэтхэмкIэ къыхагъэщ. Апхуэдэ хъыбархэм щыгъуазэ дещI «ЩIыхьыцIэхэр, дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэр» Iыхьэм. Абы къыкIэлъокIэ щхьэхуэу редакцэм кърата тыгъэхэмрэ къыхуагъэфэща цIэ лъапIэхэмрэ ятеухуар. Иужьрей напэкIуэцIхэм щызэхуэхьэсыжащ «Адыгэ псалъэм» япэ лъэбакъуэр щича махуэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым щылэжьахэм я цIэ-унэцIэхэр.

Редакцэм фIыщIэшхуэ хуещI тхылъыр екIуу, зыхуей хуэзауэ, теплъэ дахэ иIэу къыдэзыгъэкIахэм. Пэжщ, 150-р бжыгъэ мащIэщ апхуэдэ тхылъым дежкIэ. Лъэпкъым, цIыхубэм, щымыIэж лъэхъэнэхэм я фэеплъу щыт мыпхуэдэ лэжьыгъэм егъэджакIуэми, инженерми, дохутырми, къулыкъущIэми, гублащхьэдэсми я дапхъэм телъыну хуэфащэщ. «Адыгэ псалъэм» къикIуа илъэсищэ гъуэгуанэр зэрылъэпкъыу дызыдэкIа Iуащхьэшхуэщ, дяпэкIи нэхъ лъагэ хъуну дызыщигъэгугъыу.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# Хэкур фIыуэ плъагъумэ

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ХъыбарегъащIэ политикэмкIэ и къудамэм «КъБКъУ-мрэ цIыхухэмрэ» зыфIища жэрдэм хьэлэмэтым ипкъ иткIэ щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, спортым зауэжьыным зи гуащIэ хэзылъхьэ цIыху гъэщIэгъуэнхэр кърригъэблагъэурэ къакIуа гъуэгуанэм теухуауэ щIалэгъуалэм ярегъэуэршэрылIэ, я зэфIэкIхэмкIэ щIэблэм щапхъэу ярегъэлъагъу. Апхуэдэу зи чэзу зэIущIэ дахэр иращIэкIащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн. «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэр щIалэщIэм и гупсысэхэм фыщыдгъэгъуазэмэ, игъуэу къэтлъытащ.**

КЪЭРАЛПСО мыхьэнэ зиIэ зэгухьэныгъэм и пашэхэм ящыщ хъуа щIалэщIэр и жылагъуэ Iуэхухэм нэхъ кууэ щыхыхьащ КъБКъУ-м. ЮриспруденциемкIэ IэщIагъэ зэзыгъэгъуэта щIалэр КъБКъУ-м илъэсийкIэ щылэжьащ, игъуэта щIэныгъэмкIэ ныбжьыщIэхэм ядэгуашэу. Шыпшым гуапэу игу къегъэкIыж езыгъэджахэм, гъуэгу захуэм хуэзыунэтIахэм, щIэныгъэм хэзыгъэгъуэзахэм ящыщу ГъукIэпщокъуэ Мурат, ДыщэкI Мадинэ, Блий Риммэ, Шокъум Юрэ, ХьэцIыкIу Iэсият, нэгъуэщIхэри. «Дерсхэм щIадзэным ипэ къихуэу зы сыхьэткIэ нэхъ пасэу еджапIэм дыкъекIуалIэрт, егъэджакIуэхэм япэгъунэгъуу тIысыпIэхэр дубыдын щхьэкIэ. ДэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэт абыхэм жаIэхэм ящыщу зы псалъэ дэдмыгъэхуу дигу зэридубыдэнум, иужькIэ ар ди IэщIагъэм къызэрыдгъэсэбэпыжынум. УнэтIакIуэ тхуэхъуахэм яхуэмыфащэ фIыщIэ щыIэкъым – зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хащIыкIырт, дыдрагъэхьэхын щхьэкIи, я зэфIэкI псори ирахьэлIэрт. Тхылъым имыхуа щытыкIэ Iэджэ зэрыщыIэм, абыхэм дэ даIуэнкIэ, уеблэмэ зэблэгъэкIын хуейуэ IэнатIэ дыIуувэнкIэ зэрыхъунум и гугъу къытхуащIырт. Абы дыкъызэригъалэрти, Iэмал къэтлъыхъуэу, хэкIыпIэхэр зэIудгъэувэу дызэхьэрхуэру ди гупсысэр псы уэрым ещхьу къэдутIыпщырт. ЕгъэджакIуэхэми дыкъызэпаудакъым, атIэ дытрагъэгушхуащ. Аращ IэщIагъэр фIыуэ дэзыгъэлъэгъуар, абы къыдатар ди ужь итхэм деж нэтхьэсыжыну гурыщIэ къытхэзылъхьар», - жеIэ Шыпшым.

ЩIалэгъуалэм яхэтыныр, абыхэм гъуазэ яхуэхъуныр сыт щыгъуи и хъуэпсапIэу щытащ Аслъэн. Курыт еджапIэм щыщIэсам щегъэжьауэ ар хэтщ щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, и гупсысэхэм утыку яриту. «Пионер зэгухьэныгъэхэр щыкъутэжым, я пIэм иувэну зэхуэсыгъуэхэм зыбжанэрэ сапэплъащ. АрщхьэкIэ апхуэдэ гуэри къыхэзылъхьэн къыщыкъуэмыкIым, сытегушхуэри КъБР-м и Япэ Президенту иIа КIуэкIуэ Валерэ деж сытхауэ щытащ, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэкъуэзыгъэувэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ къызэригъэпэщыну селъэIуу. «Хэгъэгу ныбжьыщIэ» фIэщыгъэр зэстыжа зэгухьэныгъэр зэрылэжьэну щIыкIэр къызэщIэзыубыдэ хабзэри зэхэзгъэувэжауэ щытыгъат. Ар къыщыхъуар 2000 гъэращ», - игу къегъэкIыж Шыпш Аслъэн.

ЩIалэ гумызагъэм къеныкъуэкъу хъуэпсапIэхэр нахуапIэ щыхъуар илъэс 20 дэкIа нэужьщ. 2022 гъэм дунейм къытехьащ къэралым и щIалэгъуалэр зэкъуэзыгъэувэ зэгухьэныгъэр. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и унафэщIу ягъэуващ Шыпш Аслъэнщ. «Пэжыр жыпIэмэ, гъуэгу хъарзынэ къэткIуат абы ипэ къихуэу, щIалэгъуалэм я пэхуэщIэхэр утыку итхьэу, лэжьыгъэ гуэрхэмкIэ унафэщIхэм зыкъедгъэлъагъуу, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ жэрдэмхэмкIэ цIыхубэм гу зылъедгъатэу. Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, а гъуэгур занщIэу хуэкIуэрт иджы зи унафэр къысIэщIалъхьа зэщIэхъееныгъэм. Абы къыхыхьэ хъунущ зи ныбжьыр илъэси 6-м ит цIыкIухэм къыщегъэжьауэ илъэс 25-рэ ирикъуа щIалэгъуалэм нэс. Абыхэм я унэтIакIуэ къалэныр къэзыщтэфынур зи ныбжь ирикъуа, лэжьыгъэкIэ къыхэща, зи зэфIэкIыр щIалэгъуалэм ябгъэдэзылъхьэфыну егъэджакIуэхэрщ, ущиякIуэхэрщ, жылагъуэ лэжьакIуэхэрщ. Абыхэм къызэрагъэпэщ хасапIэхэр, зэхуэсыпIэхэр, Iэнэ хъурейхэр, щIэнIуатэхэр, хуейр екIуалIэу, и есэныгъэхэм защригъэужьу, и гупсысэхэм щыхагъахъуэу. Къыхэзгъэщыну сыхуейт ди зэщIэхъееныгъэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ адэ-анэхэм я гулъытэшхуэ зэрыдгъуэтыр, ахэр щIэгъэкъуэн къызэрытхуэхъур. Ар къэгъэнауэ, ди лэжьыгъэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и нэIэ щIэтщ, уеблэмэ ар ди унэтIакIуэ нэхъыщхьэу щытщ, ди зэщIэхъееныгъэм и ЗэзыгъэуIу советым и унафэщIыр аращ», - жеIэ Шыпшым.

Пэж дыдэу, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» сыт хуэдэ Iуэху имылэжьыр?! Ахэр тегъэпсыхьащ къекIуалIэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ дэзыхьэххэм. Гулъытэ пыухыкIахэр ягъуэт, псалъэм папщIэ, егъэджэныгъэм, щIэныгъэмрэ технологиемрэ, дыкъэзыухъурехь дунеймрэ щIыуэпсымрэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ, спортым, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, дипломатиемрэ дунейпсо зэхущытыкIэхэмрэ, туризмэмрэ зекIуэмрэ, псэкупсэ гъэсэныгъэмрэ тхыдэ щIэжымрэ, нэгъуэщI куэдми. «Дэ ди пщэ къыдэхуэ лэжьыгъэхэр зэщIа хъун папщIэ, къэралпсо икIи хэгъэгупсо мыхьэнэ зиIэ пэхуэщIэхэм иужь дитщ. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, «Тхыдэр зыхъумэхэр», «Унагъуэ гуп зэкъуэтхэр», «Ди хьэблэм щыщ щIалэгъуалэр», нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэ зыми ныбжьыщIэхэм я гъащIэм щIэщыгъуэ гуэр къыхелъхьэ, ар купщIэ зиIэ IуэхугъуэхэмкIэ егъэнщI. «Ди хьэблэм щыщ щIалэгъуалэр» зыфIэтща пэхуэщIэхэм ди сабиигъуэм диIа джэгукIэхэр къигъэщIэрэщIэжыну пщэрылъ зыщещIыж. Махуэр зи кIыхьагъым сабийм телефоныр IэщIэлъу интернетым иткIэ, и зэхэщIыкIым зиужьынукъым, ар цIыхум яхэтыфу, езым хуэдэхэм бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэтыфу щытын хуейщ. Арарщ ар зыхуэгъэпсар. «Уи хъуэпсапIэхэр уи фIэщ щIыи...» зыфIэтща пэхуэщIэри щIагъуэщ. Абы щIалэгъуалэр зытемыгушхуэ IуэхухэмкIэ жэрдэм къарет, лъэбакъуэхэр гушхуауэ ярегъэч. Апхуэдэ зэхьэзэхуэ икIи зэхуэсыгъуэ куэд диIэщ, ди щIэблэр абы къытхуешалIэ къудеймэ, псэкIи, гукIи, акъылкIи нэхъ хуэщIа зэрыхъуным шэч къытедмыхьэу», - зеумысыж Аслъэн.

Шыпшыр иригушхуэу топсэлъыхь иужьрей лъэхъэнэхэм къыхалъхьэ жэрдэмыщIэм - гуащIэдэкI гъэсэныгъэр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэгъэпсауэ зэхагъэува IуэхугъуэщIэм. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэр» иужь итщ «агроклассхэр» къызэригъэпэщыну. «Мы блэкIа гъатхэм гуэдзхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр хэтсэри, къытекIа гъавэр зыхузэфIэмыкIхэмрэ зи закъуэ къэнауэ псэу нэхъыжьхэмрэ яхуэдгуэшащ. ЛэжьыгъэмкIэ хьэрхуэрыгъэр сабийхэм я зэхуаку къызэрыдилъхьэм и мызакъуэу, гууз-лыуз яIэу къэгъэтэджынри къызыхэкI Iуэху щхьэпэщ - уи щхьэ закъуэм фIэкIа къыпфIэмыIуэхуу дунейм утетмэ, гъащIэм къыпхуищIэну фIыгъуэхэм ящыщ куэд пфIэкIуэду къысщохъу», - жиIащ Шыпш Аслъэн.

Зи унафэ ищI зэщIэхъееныгъэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къыщызэIуих къудамэхэми я гугъу ищIащ Аслъэн. «Мы гъэм КъБКъУ-м къыщызэIутхын ди гугъэщ апхуэдэ зы къудамэ. Ди гуапэ хъунущ пэрытхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ университетым щIэс студентхэмрэ абы и егъэджакIуэхэмрэ къахыхьэмэ. Ди къудамэ КъБКъУ-м иджыри къэс къыщызэIудмыхами, иужьрей илъэситIым абы лэжьыгъэшхуэ щедгъэкIуэкIащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Университет зэблэкIыгъуэхэр» зыфIэтща Iуэхур хуэгъэпсащ еджапIэр къэзыуххэм я ужь къиувэну ныбжьыщIэхэр унэтIыным, къыхах IэщIагъэм и кIуэрабгъухэмкIэ ядэгуэшэным, абы хэлъ фIагъ псоми къадэкIуэу, зыIуунэкIэ хъуну щыщIэныгъэхэмкIэ гъэгъуэзэным. Ар, сызэреплъымкIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ. Шэч къытесхьэркъым КъБКъУ-мрэ дэрэ гуащIафIэу дызэрызэдэлэжьэнур», - жеIэ Шыпш Аслъэн.

**ШУРДЫМ Динэ.**

● Футбол

# КъакIуэми дыкIуэми...

**«Легион» - «Спартак-Налшык» 2:1 (1:0). Мэхъэчкъалэ, «Труд» стадион. ФокIадэм и 1-м. ЦIыху 200 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Дорошенкэ (Краснодар), Ежак, Козленкэ (тIури Сочэ).

«**Легион**»: Магомедов, Исмаилов, Исаев Р. (Хабурзаниа, 68), Мохбалиев, Гасанов, Оленев (Исаев М. 87), Курбанов (Коротков, 87), Гамзатов, Массуренкэ (Токаев, 68), Панаев, Курбаналиев (Алим, 90+).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Молэмусэ, Къардэн, Далиев Дауд, КIэдыкIуей, Сэбаншы (Блий, 60), Далиев Дени (Селяев, 60), ХьэцIыкIу (Гъуэгузокъуэ, 85), Хьэшыр, ЛIуп (Мэкъуауэ, 69), Мэшыкъуэ (Жангуразов, 60).

**Топхэр дагъэкIащ**: Курбановым, 36 (1:0), Гасановым 53 (2:0). Хьэшырым, 90+ (2:1, пенальтикIэ)

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Далиев Дауд, Оленевым, Селяевым, Мохбалиевым, Хабурзаниа.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм я тIощIрэ ещанэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ, фокIадэм и 1-м «Спартак-Налшыкыр» Мэхъэчкъалэ и «Легион»-м деж щыхьэщIащ.

Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIам дытепсэлъыхьын ипэ къихуэу, фигу къэзгъэкIыжынут 22-нэ джэгугъуэр ди командэм зэрыблигъэкIар, ауэ, зэрыжаIэу, дызыхэкIыжа щыIэкъым: турнир таблицэм и щхьэм зыщызыгъэбыдахэм я Iуэхухэр ирагъэфIэкIуащ, ди ныкъуэкъуэгъухэм, «Нартыр» яхэту, я зэIущIэхэр ирагъэхьащ. Пэжщ, Черкесск къалэм и командэр и унэ щыIэжу иджырей турым «Биолог-Новокубанск»-р хигъэщIащ, очкоищкIи дяпэ ищащ. Иджы, мис абы дылъэщIыхьэжын щхьэкIэ, зэIущIэр «Легион»-м къыфIэтхьын хуейт.

Ауэ, зэпэщIэува командитIыр нэхъапэкIэ зэрызэдэджэгуахэм къарикIуахэм уариплъэжмэ, фIэщщIыгъуейт, Мэхъэчкъалэ дыщыIэу абыхэм дызытрагъэкIуэну. Иужьрей дыдэу ахэр щызэхуэзам щыгъуэ Налшык щыIэу 1:2-уэ къыттекIуауэ щытащ. Ар къыщыхъур мы гъэм накъыгъэм и 4-рщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, псори зэхэту командитIыр 20-рэ зэхуэзати, 7-м ахэр къыттекIуащ, 2-м налшыкдэсхэр нэхъ лъэщащ, адрейхэм зэрытегъэкIуакъым. Иужьрей зэIущIэр мыбы хэткъым.

ЗэзэхьэзэхуэмкIэ къэдгъэзэжынщи, абы и япэ Iыхьэм командитIми куэдрэ зэмыIэжьу жыджэру ар ирагъэжьащ икIи зэман кIэщIым кърииубыдэу гъуэхэм телъэдащ, къахуэщтэнуи щытащ. Псалъэм папщIэ, етхуанэ дакъикъэм ди командэм игъэзэщIа «штрафнойм» Далиев Дауд фейдэ къыхухэхакъым. Гъуэм хуэкIуэ топым дахэдахэу и щхьэр хупэщIэгъэувакъым. Абы иужькIэ, кIэщI дыдэу, хэгъэрейхэм IэмалыфI къахукъуэкIащ, ауэ, Къумыкъу Аслъэнбэч япэщIэувэри, топым иригъэзащ.

АдэкIэ, хуэм-хуэмурэ, «Легион»-м топыр зэIэщIиубыдэжри, ди гъуащхьэм къытетIысхьэн, дыкъыхигъэзыхьын щIидзащ. Апхуэдэ джэгукIэм абыхэм яфI къыхэкIащ - 36-нэ дакъикъэм ди гъуэр къащтащ. Ар зэхузэфIэкIар Курбанов Курбанщ. Пэжыр жыпIэмэ, мыбдежым Къумыкъур щыIэмалыншэт. Налшыкдэсхэри хущIэкъуащ зэIущIэм и япэ Iыхьэм бжыгъэм зрагъэхъуэжыну, ауэ я Iуэхум къикIа щыIэкъым.

Топджэгухэм загъэпсэхуу губгъуэм къихьэжа нэужь, зэман куэд дамыгъэкIыу «Легион»-м и капитан Гасанов Щамил бжыгъэр нэхъыбэ ищIащ: абы и командэм къыхата «угловойр» щхьэкIэ ди гъуэм къыдигъэкIащ. Мыбдежми Къумыкъу Аслъэнбэч щIэбгъэкъуэншэн Iуэхум хэтакъым.

«Спартак-Налшыкым» и топджэгухэм абы иужькIи я гугъэ хахыжакъым щытыкIэм къикIыным, зэIущIэр и кIэм нэсыху хущIэкъуащ бжыгъэм зрагъэхъуэжыну икIи апхуэдэ Iэмалхэр мызэ-мытIэу къахукъуэкIат, ауэ ди щIалэхэм ахэр и кIэм яхунэгъэсакъым. ИкIэм-икIэжым, Хьэшыр Алан пенальтикIэ бжыгъэр 1:2 ищIащ, Къардэн Атмир хэгъэрейхэм я гъуащхьэм деж щраудэ нэужь. Абы нэхърэ нэхъыбэ ди командэм хузэфIэкIакъым, зэмани къэнэжатэкъым. «Легион»-ри зытетым текIакъым: къакIуэри 1:2-уэ къыттекIуащ, дыщыкIуами а бжыгъэ дыдэмкIэ дыкъыхигъэщIащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иухащ: «**Нарт**» - «**Биолог-Новокубанск**» - 1:0, «**Рубин**» - «**Кубань Холдинг**» - 4:0, «**Астрахань**» - «**Строитель**» - 0:2, «**Форте**» - «**Ростов-2**» - 5:1, «**Ангушт**» - «**Победа**» - 0:2, «**Дружба**» - «**Севастополь**» - 1:2, «**Алания-2**» - «**Динамо Ставрополь**» - 0:2.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» щригъэкIуэкIынур фокIадэм и 7-рщ. А махуэм ди деж щыхьэщIэнущ Черкесск къалэм и «Нартыр».

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «**Форте**» | **21** | **13** | **4** | **4** | **41-18** | **43** |
| 2. «Динамо-Ставрополь» | 22 | 12 | 7 | 3 | 36-22 | 43 |
| 3. «Легион» | 22 | 13 | 3 | 6 | 37-17 | 42 |
| 4. «Ростов-2» | 22 | 12 | 3 | 7 | 41-25 | 39 |
| 5. «Рубин» | 22 | 12 | 3 | 7 | 29-20 | 39 |
| 6. «Астрахань» | 21 | 12 | 3 | 6 | 28-19 | 39 |
| 7. «Севастополь» | 20 | 11 | 5 | 4 | 30-16 | 38 |
| 8. «Строитель» | 21 | 8 | 6 | 7 | 25-23 | 30 |
| 9. «Нарт» | 22 | 8 | 5 | 9 | 22-30 | 29 |
| 10. «Ангушт» | 22 | 6 | 10 | 6 | 16-16 | 28 |
| 11. «**Спартак-Налшык**» | **21** | **7** | **5** | **9** | **32-29** | **26** |
| 12. «Дружба» | 22 | 7 | 3 | 12 | 26-33 | 24 |
| 13. «Биолог-Новокубанск» | 21 | 6 | 4 | 11 | 28-35 | 22 |
| 14. «Кубань Холдинг» | 22 | 5 | 7 | 10 | 18-27 | 22 |
| 15. «Победа» | 22 | 4 | 7 | 11 | 23-35 | 19 |
| 16. «Алания-2» | 22 | 3 | 4 | 15 | 17-54 | 13 |
| 17. «**Динамо-2**» | **21** | **3** | **3** | **15** | **14-44** | **12** |

# Каринэ и медаль

● Дзюдо

**Урысей Федерацэм и еджакIуэхэм дзюдомкIэ я 7-нэ Гъэмахуэ спартакиадэу иджыблагъэ Армавир къалэм щекIуэкIам и иужьрей махуэм Хъуран Каринэ Къэбэрдей-Балъкърым иджыри зы медаль къыхуихьащ.**

КИЛОГРАММ 48-м щыбанэ хъыджэбз цIыкIум кIэух зэхьэзэхуэм и Iыхьэ никъуэм къыщыпэщIэтащ иужькIэ чемпион хъуа Карабихинэ Екатеринэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, къытекIуащ. ИужькIэ, финал «цIыкIум» ягъэкIуа нэужь, ар пэщIэхуащ Мэзкуу къалэм щыщ Адамайкинэ Аринэ. Ауэ мыбдежым, и хьэрхуэрэгъум и IэзагъкIэ ефIэкIыу, «иппонкIэ» зэIущIэр къыфIихьри, спартакиадэм и домбеякъ медалыр зыIэригъэхьащ.

Псори зэхэту Каринэ зэIущIибл иригъэкIуэкIати, абы щыщу хым зэIущIэм хухаха зэманхэр и кIэм нимыгъэсу щытекIуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Хъуран Каринэ нэмыщI спартакиадэм и медалхэр япэ махуэхэм къахьащ Джэданэ Алинэ (дыщэ), Унэж Темырлан (дыжьын), БищIо Атхъанрэ Борэн Иналрэ (домбеякъ) сымэ.

Мы Гъэмахуэ спартакиадэм зыкъыщагъэлъэгъуащ къэралым и щIыналъэ куэдым я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 700-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 18-м щIимыгъуауэ.

**ТОМЭКЪУЭ Алыдж.**

# Хэт зи макъ къэIуар?

*Сабийхэм папщIэ Iуэтэж*

**Жыгым дэжея жызумей щхьэкIэм щIэхщIэхыурэ зыгуэр къыщоджэ. Джэш пичу абдежым щыс Ларисэ шынэри, къыщылъэтащ. Зэрысабийрэ блэм и джэ макъыр зыхигъэгъуащэ щыIэтэкъым абы.**

ПЩIАЩЭ пылъэлъыжыгъуэм зэрынэсу, я мыIэрысей хадэшхуэм хьэблэм дэс цIыкIухэр къыщызэхуэсырти, тхьэмпэ самэшхуэхэр джэгупIэ ящIырт. Блэр къаджэу щызэхахкIэ, я джэгунри зэпагъэурти, шынауэ псоми заудыгъурт, ауэ а къаджэр къахуэлъагъуртэкъым. Гупым я нэхъыжь Лацэ, блэм и цIэр къраIуэу яхуидэххэртэкъым.

- «КIэнкIыхьщ» жытIэн хуейр, кIэнкIыхь, ялыхь къытхуэгъэгъу жыдмыIэмэ, къыдэбгынущ», - къыздикIари къикIри къахуэмыщIэу, ар гупым къахихьат абы махуэ гуэрым. Сабий акъылыр куэд хуейт? - я тхьэкIумэм къицырхъар мыдрей жыIэзыфIэщхэм зэуэ къапхъуэтащ. Иджы блэр къэджэху, цIыкIу гупыр «кIэнкIыхьым» елъэIурт. Ар щIэкIэнкIыхьри, къахуигъэгъун хуейуэ ятелъри уэ къащIэт...

Ларисэ зыхэт гукъэкIыжхэм зэуэ къыхишыжащ, тэлай дигъэкIыу джэн щIэзыдзэжа блэм. Къуэрагъым я нэхъ иныр чы-бжэгъу зэтелъым къыхилъэфащ. Темыгушхуащэурэ, и тхьэкIумэр макъыр къыздиIукI бжьамийм кIэрилъхьэри, теуIуэу щIидзащ. Бжьамиищхьэм нэса къудейуэ, абы къилъэгъуащ къэнжал дзакIэр быдэу зыIыгъ Iэпэ псыхъуэ цIыкIуищыр. Ларисэ ар зыкъомрэ зэпиплъыхьащ, зригъэщхьынур къыхуэмыщIэу. БашымкIэ мащIэу Iэпэм щецырхъым, шэм хуэдэу и щхьэщыгумкIэ щхьэпрылъэтри, жыг щIагъым щехуэхащ. ЧыпэмкIэ удзыр мащIэрэ щIищыкIа - гъуэбжэгъуэщу бзэхащ цIэимыIуэр.

И кIэр ирихъуэкIыу махуэ псом къыбгъэдэса джэдуужьыр зэкIэлъхьэпыту къэпщIэуащ. Жыгым тест ар, къыбгъэдэхута хьэндыркъуакъуэ удзыфэ цIыкIур зэпиплъыхьу. Ар зыхэс пщIащэм апхуэдизкIэ ещхьти, гу зэрылъыптэн щыIэтэкъым. Ларисэ зэуэ къицIыхужащ къудамэ лантIэр быдэу зыIыгъ Iэпэ удзыфэ цIыкIуищыр...

Блэуэ и гугъар хьэндыркъуакъуэ удзыфэ цIыкIуу къыщIэкIащ. ЦIыкIухэр щыгъуазэтэкъым блэр зэрымыджэм.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

*Редактор нэхъыщхьэ*
**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**
**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.**
**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтеххэм - 42-63-64.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ**
**ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.**

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымı и уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.471**
**Заказыр №1876**
12+

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**
**357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.**